ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№69 (24.819) • 2025 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 10, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэрατамкIэ

Мыхьэнэшхуэ зиIэ жэрдэмхэр къызэдащтэ

Стратегие жэрдэмхэмкIэ IуэхущIапIэм (АСИ) и генеральнэ унафэщI Чупшевэ Светланэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Москва лэжьыгъэ IуэхукIэ щыхуэзащ. ЗэIущIахэм Iэ щIадзащ республикэм инвестицэхэр щыгъэлэжьэнымрэ творческэ зыузэщIыныгъэм хуэунэтIа IуэхущIапIэхэм я пащхьэ къиувэ къалэнхэр гъэзэщIа зэрыхъунымрэ епха дэфтэрхэм.

УТЫКУ кърахьа Iуэхугъуэхэм нэхъыщхьэу яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ АСИ-мрэ унэтIыныгъэ куэдкIэ зэращIылIа зэухылIэныгъэхэр: лъэпкъ жэрдэмхэм я деж щегъэжьауэ щIыналъэм и экономикэм, социальнэ гъащIэм, туризмэм нэс къызэщIиубыдэу. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ хьэрычэтыщIэхэр республикэм щылэжьэным тегъэгушхуэным, къалэр егъэфIэкIуэным, щIалэгъуалэ проектхэм гъуэгу етыным, къыдэкIуэтей щIэблэм зыузэщIыпIэ яIэным хуэунэтIа гупыжхэм.

УнэтIыныгъэ щхьэхуэу щытынущ экономикэ купщIафIэм зегъэужьыныр. Творческэ зыузэщIыныгъэм хуэунэтIауэ лажьэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм епхауэ, АСИ-м зэхилъхьа ЩIыналъэм и социальнэ мардэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэтеублэныр а мурадым хуэунэтIа етIуанэ зэухылIэныгъэу къащтащ.

«ЗэухылIэныгъэхэм Iэ зэрыщIэддзам зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэхэмкIэ мыхьэнэшхуэ яIэнущ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. – Агентствэм зэрызыкъытщIигъакъуэм и фIыгъэкIэ дэ инвестицэ нэхъыбэ къетшэлIэфынущ, щIыналъэм хьэрычэт Iуэхухэр нэхъ тыншу щIызэфIэдгъэкIыфынущ, экономикэ купщIафIэм и унэтIыныгъэхэм я лIэужьыгъуэ нэхъыфIхэр тхупхыгъэкIынущ. А псом хьэрычэтыщIэхэр ди деж щылэжьэным нэхъ тригъэгушхуэнущи, Къэбэрдей-Балъкъэрри абы щыщхэм я псэукIэри ефIэкIуэнущ».

Республикэм и унафэщIым жиIэжащ КъБР-м и лIыкIуэхэр гъэ къэс АСИ-м къызэригъэпэщ, «ЗэманыщIэм хуэгъэпса жэрдэмыщIэхэр» форумми, «Дыдейхэр зэгъэцIыху» зэхьэзэхуэми зэрыхэтыр, абыхэм хагъэхьэн лъэIукIэ мы гъэм цIыхуи 140-м зыкъыхуагъэзащ. Республикэм щолажьэ Инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ, ГъащIэр егъэфIэкIуэнымкIэ советхэр, мы илъэсым къриубыдэу, творческэ жэрдэмхэм зегъэузэщIынымкIэ хабзэ къащтащ.

Чупшевэ Светланэ къыхигъэщащ дэфтэрым Iэ зэрыщIадзам и фIыгъэкIэ республикэм мыхьэнэ иIэу къыщаIэт IуэхуфIхэр ипэкIэ ягъэкIуэтэну нэхъ тынш зэрыхъунур: «Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру АСИ-м къыдолажьэ, ЩIыналъэм и социальнэ мардэр пхегъэкI. Зэман зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Налшык щызэхэта Урысей Ипщэм и хирургхэм я конгрессыр дэ зэгъусэу едгъэкIуэкIащ, дзэм епха хирургиемкIэ курсхэр къызэдгъэпэщащ. Апхуэдэ Iуэхухэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. ФIыщIэ фхузощI къызэрыздэфIыгъам папщIэ. Нобэ зэдухылIа зэгурыIуэныгъэхэми унэтIыныгъэ куэдкIэ лэжьыгъэр ирагъэфIэкIуэнущ».

КIуэкIуэ Казбек Чупшевэ Светланэ фIыщIэ хуищIащ республикэм дежкIэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр къызэрыдиIыгъым, щIыналъэм гулъытэ къызэрыхуищIым папщIэ.

Урысейм и къалэ мыинхэм заужьынымкIэ Iэмалхэр

Ивановэ областым хыхьэ Шуе къалэм щыIащ Урысей Федерацэм и Хабзэубзыхухэм я советым социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и зэIущIэ зыубгъуа. Абы и лэжьыгъэм ирихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и лIыкIуэ гуп, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI, УФ-м и Хабзэубзыхухэм я советым социальнэ политикэмкIэ, Дунейпсо зэдэлэжьэныгъэ унэтIыныгъэм зыщыIууэ гугъуехьхэмкIэ комиссэхэм хэт Егоровэ Татьянэ я пашэу. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ «Урысейм и къалэ мыинхэр: социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щаIэ зэфIэкIхэр» Iуэхум.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ комиссэм и унафэщI, Ивановэ областым и Думэм и Iэтащхьэ Дмитриевэ Маринэ. Депутатхэр тепсэлъыхьащ къалэ мыинхэм социально-экономикэ я лъэныкъуэкIэ зегъэужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, абыхэм я тхыдэ, щэнхабзэ щIэинхэр хъумэным, туризм IэнатIэр егъэфIэкIуэным, щыпсэухэм тыншыпIэхэр къахуэгъэпэщыным.

ЩIыналъэхэм икIа лIыкIуэхэм къагъэлъэгъуащ а Iуэхухэм зэреплъыр. Ди республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ и гугъу ищIащ социальнэ IэнатIэм, щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным хуэгъэзауэ ди деж щызэфIагъэкIхэм – гъуэгущIэхэр зэраукъуэдийм, щыIэхэм зэракIэлъыплъым, сабий садхэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэмрэ зэраухуэм, зыкIэлъыIэбэн хуейхэр зэрызэрагъэпэщыжым, щIалэгъуалэм зыщаузэщIын IуэхущIапIэхэр къызэрыщызэрагъэпэщым, къалэдэсхэм я псэупIэхэр зэрырагъэфIакIуэм, туризмэм зэрызрагъэужьым. КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа къалэнхэр зэфIэгъэкIын, къалэхэр ягъэдэхэн, щIыуэпсыр яхъумэн папщIэ ди щIыналъэм и коммунальнэ IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щегъэкIуэкIын зэрыхуейр.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтхэм яжриIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къалэу 8 зэриIэр, абыхэм ящыщу 6-р цIыху мин 50-м нэблагъэ щыпсэу къалэ мыинхэм зэрыхабжэр.

Къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалиплIыр – Бахъсэн, Нарткъалэ, Шэджэм, Май – егъэфIэкIуэным хуэщхьэпэ проект нэхъыфI зэхэлъхьэным теухуа Урысейпсо зэпеуэм щытекIуауэ зэрыщытар, абы и фIыгъэкIи а жылэхэм я паркхэмрэ утыкухэмрэ иджырей зэманым екIу щIыпIэ дахэ, цIыхухэм я зыгъэпсэхупIэ зэрыхъуар.

- Зы проектыфIым щыубзыхуахэр гъэзэщIэныр а къалэхэм я дежкIэ хъуащ адэкIи фIым тезыгъэгушхуэ лъэбакъуэ, апхуэдэуи абы мыхьэнэшхуэ иIэщ адрей щIыпIэхэми заужьынымкIэ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр щапхъэщ икIи ахэр зи жэрдэмхэм я лъэр жан зыщIщ. Абы ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым, - къыхигъэщащ Егоровэ Татьянэ.

АдэкIэ гулъытэ хэха яхуригъэщIащ, гугъуехьхэр иджыри щыIэми, къалэ мыинхэм жыджэру зэрызаужьым икIи апхуэдэ щIыпIэхэр хъумэным, хуэсакъыным ди къэралым и щIыналъэ куэд къэгъэIурыщIэнымкIэ Iэмал къызэритыр.

- Дауи, къалэ мыинхэр – ар ди щIыуэпсырщ, шынагъуэншагъэрщ, зэгъунэгъуфI зэпыщIэныгъэхэр зыгъэлъапIэщ, къэралкIуэцI туризмщ, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ зэхущытыкIэхэр зяку дэлъ цIыхухэу абыхэм щыпсэухэрщ. Абыхэм яхъумэ я щэнхабзэхэр, лъэпкъ хабзэхэр, бзэхэр; апхуэдэ щIыкIэкIи лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я псэкупсэ къулеигъэхэр яхъумэж, ягъэбагъуэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ къэралым Iэмал куэд къызэрызэригъэпэщыр Урысейм и къалэ мыинхэм я теплъэр егъэфIэкIуэнымкIэ: абыхэм ущыпсэуну, ущыIэну нэхъ тынш хъуным,турист нэхъыбэ къешэлIэным хуэгъэзауэ. Ар лъабжьэ хуэхъунущ а къалэхэм къыщалъхуахэр абыхэм къыщынэжу щыпсэуным, щылэжьэным, я мурадхэр щызрагъэхъулIэным, - къыхигъэщащ Егоровэм.

Хабзэубзыху Советым и комиссэм и лэжьыгъэм и кIэухым унафэхэр къащтащ. Ахэр Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм, ФедерацэмкIэ Советым, Правительствэм хуагъэхьынущ.

Ивановэ областым щрагъэкIуэкIа зэIущIэм ипкъ иткIэ комиссэм хэтхэр Палех къуажэм, Плёс, Приволжск къалэхэм щыIащ, Палех гъуазджэм и къэрал музейм, Палехскэ Крестовоздвиженскэ чыристан дин IуэхущIапIэм, Приволжск дэт, дыщэхэкIхэр къыщыщIагъэкI «Красная Пресня» заводым, Левитан и унэ-музейм зыщаплъыхьащ, «Палехский иконостас» лъэщапIэм и лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзащ.

Дмитриевэ Маринэ къызэрыхигъэщамкIэ, тепсэлъыхь къудей мыхъуу, депутатхэм Шуе щызэпалъытащ Ивановэ областым хыхьэ къалэ мыинхэм заужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэр – экономикэм къыщыщIэдзауэ щэнхабзэ щIэинхэр хъумэнхэм нэсу икIи ар сэбэп хуэхъунущ зэхуэсым хэтахэм езыхэм я щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ ирагъэкIуэкIыну

Лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Iэхъуэбэч Щамил. Ахэр тепсэлъыхьащ 2024 гъэмрэ дызэрыт илъэсым и япэ мазищымрэ IэнатIэм лъэпкъ проектхэмрэ мылъку зыхалъхьэу къызэрагъэпэщ Iуэхугъуэхэмрэ гъэзэщIа зэрыщыхъуам, къэкIуэну зэманым промышленностым щIыналъэм зэрызыщегъэужьыпхъэм.

НЭХЪ шэщIауэ зытепсэлъыхьахэм ящыщщ IэнатIэр зэрызэхэт Iыхьэхэм ящыщ дэтхэнэми щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыныр, Iуэху зехьэкIэщIэхэр къэгъэсэбэпыныр, мылъку зыхалъхьэ проектхэр нэхъыбэ хъуныр.

Экономикэм и IэнатIэ нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщщ промышленностыр. Абы мы зэманым щолажьэ IэщIагъэлI мини 10-м щIигъу. 2024 гъэр къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ IуэхущIапIэхэм кърагъэщIащ сом мелард 21,9-рэ и уасэ продукцэ. 2023 гъэм еплъытмэ, ар хуэдищкIэ (проценти 132,6-рэ) нэхъыбэщ. Промышленностым къыщалэжьамкIэ къэплъытэмэ, нэгъабэрей индексыр проценти 121,4-рэ мэхъу, пкъыгъуэхэм елэжь промышленностым ар щыхъуащ проценти 132,3-рэ. А бжыгъэхэмкIэ дыщыпэрытщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм.

Дызэрыт илъэсым и мазиплIыр къапщтэмэ, а индексыр нэхъ лъагэ хъуащ проценти 8,9-кIэ, къалэжьа продукцэри проценти 10,5-кIэ нэхъыбэщ, нэгъабэ и иджы хуэдэ лъэхъэнэм еплъытмэ. А продукцэм хуэзащ сом мелард 7,06-рэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, промышленностым и IуэхущIапIэхэм иужьрей илъэситIым кърииубыдэу республикэм и бюджетым налогыу халъхьар хуэдитIым щIигъукIэ нэхъыбэщ. Апхуэдэу республикэм и IуэхущIапIэхэм хамэ щIыпIэхэм ирагъэшэф хьэпшыпхэм я бжыгъэми хэхъуащ. Ахэр ехъулIэныгъэхэри яIэу щагъэлъагъуэ урысейпсо зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я утыкушхуэхэм, къэралым и щIыпIэ куэдым щэхуэгъухэри щаIэ мэхъу.

Промышленность псынщIэм, ухуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэр, электрооборудованэхэр къыщыщIагъэкI IэнатIэхэм, гъущIхэкIхэм щелэжьхэм мылъку зыхалъхьэ проектышхуэхэр щылэжьэнущ.

ЗэIущIэм гулъытэ щыхуащIащ «Лэжьыгъэм къит хьерыр», «ЗезыгъакIуэр зэрымыс кхъухьлъатэхэр» лъэпкъ проектхэм ди республикэри жыджэру зэрыхэтыпхъэм.

Зы унагъуэм хуэдэу дыщызэдопсэу

● Пшыхь

Урысейм и махуэм ирихьэлIэу, НыбжьыщIэхэм я театрым (Налшык къалэ) щекIуэкIащ «Вперёд, Россия!» зыфIаща Iуэхур. Абы и къызэгъэпэщакIуэт «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмкIэ фондымрэ и гъусэу. IуэхущIапIэхэм ягъэзащIэ «Ди текIуэныгъэр гугъуехькIэ къэтхьащ» лэжьыгъэр. Зэхыхьэм и зы Iыхьэу щыта, «Урыс вальс» къэралпсо флешмобым ди республикэри хэтащ.

ПШЫХЬЫР къызэIуахащ КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амур игъэзэщIа «Урысейр ди Хэкуанэщ» уэрэдымкIэ. Iуэхур езыгъэкIуэкIа КъБР-м и къэрал Музыкэ театрым и артист Енин Евгений жиIащ зы унагъуэм хуэдэу дыщызэдэпсэу къэралым пщIэ хуэтщIу, дрипагъэу зэрыщытыпхъэр зыщыдгъэгъупщэ зэрымыхъунур, ирагъэкIуэкI зэхыхьэр ди тхыдэр хъумэнымрэ щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджынымрэ зэрыхуэгъэзар. Абы псалъэ иритащ «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

«Урысейм и махуэр къэблэгъащ. Ар махуэшхуэ къудейкъым. Ар цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм, ди къэралыгъуэм я дамыгъэщ. А махуэм дигу къегъэкIыж лъэпкъыбзу

зэхэт ди къэралым щэнхабзэ къулей къызэрыдекIуэкIыр, - къыхигъэщащ абы. - Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм и Iыхьэу зэрыщытым ди щхьэр лъагэу дегъэIэт. Ди блэкIамрэ Хэкур зыухуахэмрэ фIыщIэ яхудощI. Ди щIалэгъуалэм нобэ зыхащIэну сыхуейт «Хэку» псалъэм и мыхьэнэр. Пэжщ, иджыпсту зэман гугъум дыхэтщ, ди къуэ пажэхэм я пщэ къыдэхуащ къэралыр, абы щыпсэухэр, хэбгъэзыхьмэ, дуней псор фашизмэмрэ нацизмэмрэ щахъумэну. Ауэ ди фIэщ мэхъу текIуэныгъэр ди Iэрылъхьэ зэрыхъунур. КъэкIуэну дахэ фиIэну нобэ дыфхуохъуахъуэ щIэблэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыпагэ куэд диIэщи, ирефIакIуэ нэхъри ди Хэку-анэр!»

Къэблэгъа махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуу, зэхыхьэм къекIуэлIахэм зыхуагъэзащ КъБР-м лъэпкъ IуэхухэмрэжылагъуэпроектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэ зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Текуев Амырбий, Урыс щэнхабзэмрэ тхыдэмкIэ «Вече» зэгухьэныгъэм и унафэщI Литвинов Роман сымэ.

- «Урысейм ис лъэпкъхэм я ассамблее» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэ щэнхабзэмкIэ фондым фIыщIэ яхудощI мыпхуэдэ Iуэхугъуэшхуэ къызэрызэрагъэпэщам папщIэ. Дыщогугъ ар хабзэ дахэ хъуну. Къэрал лъэщ икIи нэхъ ин Урысейм и махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, - къыхигъэщащ КIурашыным.

- Си хэкуэгъухэ! Урысейм и махуэшхуэмкIэ сэри сынывохъуэхъу. Зи къэрал ныпыр пщIэшхуэ хуэтщIу къетхьэкIыр сыт щыгъуи лъэрызехьэу щытащ. Ноби абы ар дуней псом нэрылъагъу щещI. Урысейр пщIэ зыхуэщIыпхъэ къэралщ. Дзэ Iуэху хэхам щыIэ ди щIалэхэр и щапхъэщ ди щIэблэр зэрыхэкупсэм. Абыхэм щалъхуа я Хэкур яхъумэ, икъукIэ дахуэарэзыщ. Зыщывмыгъэгъупщэ: дызэрызэкъуэтыр, къэралым и къару лъэщу дызэрыщытыр, - жиIащ Текуев Амырбий.

Къэпсэлъахэм жаIам пищэу, Литвинов Роман къыхигъэщащ Урысейр лъэрызехьэу къызэрыгъуэгурыкIуар, ди зэманми абы и анэдэлъхубзэр, щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ зэрихъумэнум зэрыхущIэкъур. «ЩIэблэм зыфхуэзгъазэу вжесIэну сыхуейт мыр: фыщалъхуа щIыналъэм фригушхуэу, къэкIуэну зэманым абы и зыужьыныгъэм фи Iыхьэ хэфлъхьэфу фыкъэтэджыну ди гуапэщ. Нобэ екIуэкI зэхуэс дахэм хуэдэхэрщ щIыналъэр езыгъэфIакIуэр».

Пшыхьым зыкъыщагъэлъэгъуащ «Арабеск» (Добросердовэ Лилие и художественнэ унафэщIщ), «Кавказ пшэплъхэр» (художественнэ унафэщIыр Дзыхьмыщ Аслъэнщ), «Глория», (художественнэ унафэщIыр Карцевэ Дианэщ) «Насып» (Элекуев Нурмухьэмэд) къэфакIуэ гупхэм, Нартан къуажэм уэрэдымкIэ и цIыхубэ ансамблым.

Урысейр зэрыгушхуэ тхакIуэшхуэ Пушкин Александр и зы усэ гъэхуауэ пшыхьым къыщеджащ «Dell arte» театр-школым и актёр ныбжьыщIэ Мдиванов Анзор. ТхакIуэшхуэм и псысэхэм дыхашэми ярейуэ, Башиевэ Саидэрэ Алиярэ пычыгъуэ зыбжанэ утыку кърахьащ. Батыр Галинэ къеджащ «Я памятник воздвиг себе нерукотворный» усэ цIэрыIуэм.

Я уэрэдхэмкIэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Гуазэ Тимуррэ республикэм и къэрал Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ Жабоевэ Замирэрэ.

Пшыхьым щIэсхэр экранышхуэкIэ ирагъэплъащ Урысейм и картэр зэрыхадыкIам. Зэхыхьэр езыгъэкIуэкIам къызэрыхигъэщамкIэ, ар зихуэдэ щымыIэ, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ къулеймрэ я зэкъуэтыныгъэмрэ я дамыгъэщ. Къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я IэпщIэлъапщIэ 260-м щIигъум я IэкIэ ар хадыкIащ, панном килограмм 50 и хьэлъагъщ. Абы къыщагъэсэбэпащ фэ, налкъут, мэзыш (янтарь), хьэпIацIэщыгъэ, дыщэ, дыжьын Iудандэхэр, зэIущэкIэ зэхуэмыдэхэр.

Зэныбжьэгъугъэм и нэщэнэрэ щIэблэхэр зэрызэпыщIам и щыхьэту, Шостакович Дмитрий и «Урыс вальс»-р зэгъусэу ягъэзэщIащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэмкIэ уардэунэм щылажьэ «Арабеск», «Глория», «Кавказ пшэплъхэр», «Каллисто», «Насып» ансамблхэм я къэфакIуэ цIыкIухэм.

Ди хабзэфIхэр тщIэжу, ахэр щIыхь пылъу зетхьэным дыхущIэкъуу, ХэкушхуэрефIэкIуэныр дэтхэнэми и плъапIэу дызэрыщытыр щынэрылъагъут мы зэхыхьэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ**
трихащ.

Зауэ губгъуэм ита бзылъхугъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дохутыр цIыхубзхэми Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хахуэу я къалэныр ягъэзэщIащ. Къапщтэмэ, зауэ губгъуэм ит щIалэхэр зыхэт псэзэпылъхьэпIэм хуэдэ дыдэ ахэри Iутт. Абыхэми лIыгъэр ягъэунэхуну я натIэ хъуат. Ныбжь зиIэхэр, сабийхэр, уIэгъэ хъуахэр, ныкъуэдыкъуэхэр - IэщIагъэлI хахуэхэм къащыгугъыр гъунэжт...

ДИ къэралыр, ди цIыхубэр зэи къикIуэтакъым. Куэдым я лIыхъужьыгъэр щапхъэу къэпхь хъунущ, икIи апхуэдэхэм я цIэхэр, я фэеплъыр, шэч хэмылъу, уахътыншэщ. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и кафедрэм и профессор Апажэ Еленэ и зы лэжьыгъэр триухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыхубзхэр Хэку зауэшхуэм зэрыхэтам, медицинэ лэжьакIуэхэм я хъыбархэм. Абыхэм ящыщ зыбжанэм я гугъу фхуэтщIынущ.

Тэрч районым щыщ адыгэ хъыджэбз цIыкIу *КIуэкIуэжь ФатIимэ* илъэс 16 ныбжьым иту дохутыр хъэлатыр щитIэгъат. Бийм и топышэр ящхьэщылъэтыкIыу, Сталинград зауэм и закъуэ абы Дзэ Плъыжьым хэта ди щIалэ 27-рэ (я IэщэхэрI я гъусэжу) губгъуэм кърихыфащ. Апхуэдэуи уIэгъэ хъуа зауэлI щэ бжыгъэм хъыджэбзыр еIэзащ, лъыр къахуигъэувыIэу, яхуипхэу. Куэд абы зэпришащ Индыл и сэмэгурабгъу Iуфэм. ЛIыгъэ зыхэлъ бзылъхугъэ цIыкIум дзэ унафэщIхэми гу къылъатат, и ныбжьми емылъытауэ, Дзэ Плъыжьым хагъэхьат. ФатIимэ Вагъуэ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщащ.

Щомахуэ Марие зауэм и япэ махуэм щегъэжьауэ ар иухыху, ещанэ Украин зэуапIэм ягъэIэпхъуэ и сымаджэщ №675-м щылэжьащ. Абы къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ орденхэр, «Москва зэрихъумам папщIэ» медалыр.

Медицинэ IэнатIэм и капитан *Дзыгъур Жанзилэт* Мыхьэмэт и пхъум къулыкъу зэрищIа и тхылъым итщ Дзэ Плъыжьым 1942 гъэм и мэкъуауэгъуэм къыщыщIэдзауэ уIэгъэшхуэ зытемылъхэм я сымаджэщ №2098-м хирургиемкIэ и къудамэм и ординатору зэрыщытар. Жанзилэт зауэм кIуа япэ адыгэ дохутырщ. ПщIэрэ щхьэрэ иIэу, хьэрэмыгъэншэу и къулыкъум пэрытащ. И лIыхъужьыгъэм папщIэ, апхуэдэуи фэбжь зыгъуэтахэр нэхъ псынщIэу къызэфIэгъэувэжыным зэрыхэлIыфIыхьам къыпэкIуэу (уIэгъэр етIуанэу идыжырт), Вагъуэ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Мэшэжь Баблинэ Хьэмзэт и пхъур зэуапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ягъэIэпхъуэ я сымаджэщхэм щылэжьащ. 1943 гъэм и бжьыхьэм медицинэ IэнатIэм и лейтенантыр ЕтIуанэ украин фронтым ягъэIэпхъуэ и сымаджэщ №5500-м операцэ зыщI и медсестра нэхъыжь ящIащ. Сымаджэщым и унафэщI майор Берман З. И. цIыхубзым и тхылъым иритхат илъэситIым и кIуэцIкIэ Хьэмзэт ипхъу Баблинэ IэщIагъэлI Iэзэу, гу хьэлэл зиIэ лэжьакIуэу, и Iуэхум фIыуэ хищIыкIыу зыкъызэригъэлъэгъуар.

Мэкъуауэ Маринэ Василий и пхъур зауэм и пэм еджэныгъэ кIэщIхэм кIуэцIрыкIри, фокIадэ мазэм щыхьэрым пэгъунэгъуу екIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм хэтыну хунэсат. Сэлэт фащэр щыгъыу, зэуапIэм тхьэмахуэ зэкIэлъыпыткIэ ит хъыджэбзым IэкIэ кърашэкI гу цIыкIукIэ губгъуэм къришыжырт фэбжь зытехуа зауэлIхэр. 1941 гъэм и щэкIуэгъуэм Малоярославск лъэныкъуэмкIэ щекIуэкIа зэхэуэхэм уIэгъэ хьэлъэ куэд щыхъуат. Маринэ ахэр топышэм кърииуда кумбхэм иригъэджэразэрт, зыгуэрхэр ятрипхъуэрти, уэс ятритхъуэжырт щIыIэм имысын хуэдэу. Абдеж ар езыри уIэгъэ щыхъуащ. Абы и лIыгъэм теухуа тхыгъэ «Комсомольская правда» газетым къытрадзат. Тхыгъэм къыхэщырт зауэм зэрыщIидзэрэ хъыджэбзым зауэ губгъуэм уIэгъэ 49-рэ къызэрырихар, икIи шэр щхьэщылъэтыкIыу зауэлI 62-м я уIэгъэхэр зэрипхар. Абы къыхуагъэфэщащ «И хахуагъэм папщIэ», Дзэ щIыхьым папщIэ» медалхэр.

Базоевэ Саният Медицинэ техникумым и ещанэ курсым щIэкIри, зауэм дэкIат. Санинструктору ар ягъэкIуащ топгъауэ полкым. Абы къыхуихуащ яукIа зауэлIым и пIэ иувэу топгъауэм бгъэдэувэрэ зэрыпхъуакIуэхэм шэр щатригъэлъэлъа. Езым жиIэжат: «ЛIыхъужьыгъэ зесхьауэ къэслъытэркъым. Зауэм и курыкупсэм сихуат, махуэхэр зэхуэдэу екIуэкIырт: уIэгъэ хъуахэм ятелъ хьэзабымрэ щэIумкIэ гъэнщIауэ. Зауэмрэ цIыхубзымрэ зэкIуркъым».

Къэщкъэтау къуажэм щыщ хъыджэбзым пщIэ къыхуащIырт, лIыхъужьхэм ябгъурыту зауэ губгъуэм итт, махуэхэр щымамырым яхуэдыжэрт, уIэгъэ хьэлъэхэм яхуэмытх письмохэр игъэхьэзырырт, ядэIэпыкъурт. Зыгуэр и куэщIым илIыкIамэ, илъэс 19 фIэкIа мыхъу хъыджэбзым ар и гум хихьэрт, куэдрэ зыкъыхуэщIэжыртэкъым. Сталинград зэхэуэхэм Саният и Iэм шэ къыщытехуащ. Бухарест деж ещанэу уIэгъэ хъуащ: и щхьэм шэ къытехуэри, контузие игъуэтат. Я гугъакъым абы ар къелыну. Мазибгъу енкIэ Москва пэгъунэгъуу сымаджэщым щIэлъащ, мыпсалъэу, зимыгъэхъейуэ, бжэмышхкIэ ягъашхэу. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм уIэгъэхэм я зым «Зауэр иухащ!» жиIэу, къыщыхэкIиикIаращ абы и бзэр къыщиутIыпщыжар. ИужькIэ куэдрэ игу къигъэкIыжащ абы псори къызэрегугъуар.

Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуа *Дурневэ Ольгэ* и закъуэщ Дзэлыкъуэ районым и бзылъхугъэхэм ящыщу зауэм дэкIар. Ар яхэтащ Краснодар, Ростов, Симферополь, Севастополь щхьэхуит къэзыщIыжахэм икIи Прагэ нэс нэсащ. Ар 1942 гъэм и мэлыжьыхьым зэуапIэм Iухьащ, 1077-нэ топышэ полкым хэту СталинградкIэ ягъэкIуащ. Зэман нэхъ хьэлъэхэми ар шынагъэ лъэпкъ имыIэу губгъуэ зэуапIэм итт, уIэгъэхэр къигъуэтрэ яхуипхэу, кърихыжу. 1942 гъэм шыщхьэуIум и 23-м цIыхубзым зэуапIэм кърихащ зауэлI 64-рэ. ЛIыхъужьыгъэ зезыхьэ хъыджэбзым илъэс 19 фIэкIа и ныбжьтэкъым. И лIыгъэм къыпэкIуэу, Дурневэм кърататщ «И хахуагъэм папщIэ», медалыр, иужькIэ - «Дзэ щIыхьым папщIэ» жыхуиIэр.

Зауэм и пэ махуэ дыдэхэм илъэс 17 фIэкIа мыхъуа *Гончаровэ Прасковье* медсестра курсхэр къиуха къудейуэ Кировоград щIыналъэм и Александровскэ военкоматым кIуат, зэуапIэм ягъэкIуэну елъэIуу. АрщхьэкIэ балигъ ныбжьым зэрынэмысам къыхэкIыу, къыхуадакъым. ИужькIэ Прасковье зыхуигъэзащ комсомолым и район комитетым икIи 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м хуит ящIащ эвакогоспиталь №3240-м медсестрауэ кIуэну. Зэхэуэхэм ар япэу щрихьэлIащ Воронеж деж (1942 гъэм), уIэгъэ хъуахэр машинэм кърахырэ сымаджэщым щыщIахьэм. Абдеж хъыджэбзым контузие игъуэтащ, сыхьэт зыбжанэкIэ къэмэхауэ щылъащ. Гончаровэм иужькIэ жиIэжу зэрыщытамкIэ, а махуэ хьэлъэхэм хъыджэбз IэмащIэлъэмащIэ цIыкIухэм сымаджэщым цIыхуи 150-м нэс къагъэсырт. Медицинэ IэнатIэм и отличникхэм, сымаджэ хьэлъэхэм папщIэ дэтхэнэми къылъысу лъыуэ литр 12 зытахэм яхэту, Прасковье 1945 гъэм и мазаем маршал Жуков Г. К. и деж щыIащ. Абы щыгъуэм хъыджэбзхэм сыхьэт лъапIэхэмрэ Правительствэ дамыгъэхэмрэ къыхуагъэфэщат. Зауэм и илъэсхэм Прасковье Михаил и пхъум лъыуэ литр 14,5-рэ итащ. Зы махуэ гуэрым зэуэ лъы грамм 800 итат уIэгъэ хьэлъэ хъуа кхъухьлъатэзехуэ Савченкэ И. К папщIэ. Зауэм и кIэм цIыхубзым къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь орденрэ медалийрэ, къыфIащащ «Санитар IэнатIэм и отличник», «ЩIыхь зиIэ донор» цIэ лъапIэхэр. ТекIуэныгъэр абы къыщригъэхьащ Германием.

Ораковэ Фаризэт Мамыш и пхъур зауэм дэкIащ 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм. Москва зыхъумахэм яхэтащ. Еблanэ гвардие кавказ корпусым и санитар взводым хэту, Сталинград щегъэжьауэ Варшавэрэ Кёнигсбергрэ нэс цIыхубзыр кIуащ. Абы игу къигъэкIыжырт: «Ди дзэр бийр здэщыIэ щIыпIэм щебгъэрыкIуэм, дыдейхэм дапэIэщIэ хъуа нэужь, медицинэ хьэпшыпхэр къыдэмэщIэкI хъурт, фэбжь зыгъуэтахэм я уIэгъэр лъэпэдкIэ, лъакъуэешэкIкIэ, хъыданкIэ дыпхэн хуейуэ къытхудэхуэу. УIэгъэр е емыкIуэн щхьэкIэ, дыщысхьыпэу зетхьэ бинт кIапэр япэщIыкIэ къетшэкIырт. Зэхэуэхэр щекIуэкIкIэ, цIыхубзхэри япэ итхэм дащыщт, куэдыр езыр уIэгъэ хъурт, ауэ дахухэгъэщIакъым». И лIыгъэмрэ лIыхъужьыгъэмрэ къыпэкIуэу, Фаризэт къыхуагъэфэщащ Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, медаль зыбжанэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Зэманым дэбагъуэ зэфIэкI лъагэ

• Фэеплъ

Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа цIыху щыпкъэхэм ящыщщ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэш Хъупсырокъуэ Хъызыр Хьэжбэчыр и къуэр (1930 - 2013). Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, академик, Къэрэшей-Шэрджэсым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и пашэу щыта Хъупсырокъуэм бгъэдэлъа зэфIэкIымрэ и щIэныгъэ лэжьыгъэхэм я мыхьэнэмрэ лIэщIыгъуэхэм доин, добагъуэ. Хъупсырокъуэм ди лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ нэсу зэфIэгъэувэжыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. ЖыпIэнурамэ, а къалэным къыхуалъхуами ярейт хэкупсэ нэсу зи дунейр зыхьа адыгэлI нэсыр.

ХЪУПСЫРОКЪУЭ Хъызыр Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ Хьэбэз къуажэм 1930 гъэм къыщалъхуащ. Адыгэ унагъуэшхуэм къихъукIа щIалэр иджыри сабийуэ дихьэхат лъэпкъ IуэрыIуатэм, тхыдэм, еш имыщIэу едэIуэфынут адыгэ хъыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ. И ныбжь нэсу школым щыщIэтIысхьами, ар ящыщащ нэхъыфI дыдэу абы щеджахэм. ЕхъулIэныгъэ иIэу ар къиуха нэужь, Хъупсырокъуэр щеджащ а зэманым еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэм хабжэу щыта, Ставрополь дэт пединститутым. Филолог IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта IэщIагъэлI ныбжьыщIэр политикэ, жылагъуэ лэжьыгъэхэми хуэжыдджэрт. Еджэныр къызэриухрэ куэд дэмыкIыу, ар ягъэуvауэ щытащ комсомолым и Хьэбэз райкомым и секретару, КПСС-м и Хьэбэз райкомым агитацэмрэ пропагандэмкIэ и къудамэм и унафэщIу, иужькIэ Черкесск ягъэкIуащ партым и обкомым и лэжьакIуэу. А къалэнхэр зэрырихьэкIым хуэдэурэ, абы къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэфIихырт и щIэныгъэм щыхигъахъуэ, Дунейпсо литературэм и институту Москва дэтым.

Лъэпкъ литературэм и тхыдэм пыщIа къэхутэныгъэхэм хуабжьу дахьэхащ Хъупсырокъуэр. 1957 гъэм ар щIэтIысхьащ СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием Дунейпсо литературэмкIэ и институтым и аспирантурэм. Абы и ужькIэ Хъызыр IэщIыб ищIащ политикэр икIи зэфIэкIыу бгъэдэлъ псори хуиунэтIащ лъэпкъ тхыдэр, литературэр, щэнхабзэр джыным. А лъэхъэнэращ ар Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым егъэджакIуэу щрагъэблэгъари.

А гъэм дэнэкIи Iэтауэ щагъэлъапIэрт Къэрэшей-Шэрджэсыр Урысей къэралым зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъур. Хъупсырокъуэм и япэ щIэныгъэ лэжьыгъэми лъабжьэ хуищIар а Iуэхугъуэрат. ИужькIэ ар и тегъэщIапIэу Хъызыр итхауэ щытащ и кандидат диссертацэри. «Адыгэ литературэхэм я лъэпкъ нэщэнэхэр» цIэр зыфIища а къэхутэныгъэр Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэхэр джыным гъуазэ хуэхъуауэ жыпIэ хъунущ. Хъупсырокъуэрщ япэ дыдэу адыгэ лъэпкъхэм я литературэхэм зы щIэдзапIэ, зы тхыдэ яIэу къэзызыгъэлъэгъуар. Урысей Федерацэм и тхакIуэхэм я езанэ зэхуэсым Хъупсырокъуэм щыжиIащ адыгей, къэбэрдей, шэрджэс литературэхэр зэпэщхьэхуэу зэрыщымытыр, ахэр псори зы адыгэ лъэпкъ литературэу къэлъытэн зэрыхуейри къыхигъэщащ.

Адыгэ литературэм и зыужьыныгъэр кууэу зыджа щIэныгъэлIым а унэтIыныгъэм иужькIэ зыщригъэужьащ и доктор диссертацэми. «Лъэпкъ IуэрыIуатэм деж щегъэжьауэ иджырей лъэпкъ литературэм нэсу» фIэщыгъэр зиIа а лэжьыгъэшхуэр Хъупсырокъуэм утыку кърихьащ 1970 гъэм икIи ехъулIэныгъэ иIэу пхигъэкIащ. Абыи а лэжьыгъэм къыкIэлъыкIуа адрей къэхутэныгъэ куэдми щIэныгъэлI щыпкъэм къалэн нэхъыщхьэу зыщыхуигъэувыжу щытар и Хэкумрэ лъэпкъымрэ, абы и тхыдэмрэ хабзэмрэ IуэрыIуатэмрэ художественнэ литературэмрэ къызэрыщыгъэлъэгъуэжарщ. Адыгэм къикIуа тхыдэ гъуэгуанэр зыхуэчэм «напэкIуэцIхэр» нэсу зэфIэгъэувэжынымрэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа еджагъэшхуэхэр наIуэ къэщIынымри щIэныгъэлIым пщэрылъ зыхуищIыжауэ щыта Iуэхушхуэхэм ящыщт. А къалэнхэм тэрэзу пэлъэщащ ар.

Хъупсырокъуэм и къэхутэныгъэхэм унэтIыныгъэ куэд къызэщIаубыдэрт. И къалэмыпэм къыпыкIа щIэныгъэ статьяхэу «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я литературэ зэпыщIэныгъэхэр», «Урыс, адыгэ лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр», нэгъуэщIхэми ятепщIыхьмэ, ар литературэ лэжьакIуэт икIи щэнхабзэ IэщIагъэлIт, тхыдэтхт икIи социологт. Абы адыгэ литературэхэр я закъуэу иджыртэкъым, атIэ абыхэм я зыужьыныгъэм хилъагъуэрт нэгъуэщI лъэпкъ литературэхэми, къапщтэмэ, урыс литературэм и тхыдэми хуэщ нэщэнэхэр. Хъупсырокъуэр апхуэдэу хуэкIуащ мыпхуэдэ гупсысэм: «Лъэпкъ литературэхэм нэгъуэщI литературэхэм емыпхауэ, я закъуэ заужьыркъым, атIэ адрейхэм яхэлъ нэщэнэхэу езым и лъэпкъ гупсысэмрэ хабзэмрэ хуэкIуэхэри къещтэ, и лъэпкъ фащэ щетIагъэри къегъэсэбэп». Апхуэдэу Хъызыр мыхьэнэ щхьэхуэ иритырт хамэ литературэ тхыгъэхэм ящыщ куэд анэдэлъхубзэкIэ зэдзэкIа зэрыхъум икIи абыхэм я фIыгъэкIэ хамэ лъэпкъхэм я псэукIэм, хабзэм, щэнхабзэм дэри щыгъуазэ дызэрыхуэхъури къыхигъэбелджылыкIырт.

Сыт хуэдэ зэпыщIэныгъэ куухэр лъэпкъхэм яку дэмылъами, Хъупсырокъуэм къызэрилъытэу щытамкIэ, дэтхэнэ лъэпкъми, псом хуэмыдэу иджырей лъэхъэнэм, адрейхэм къазэрыхэщхьэхукI нэщэнэхэр иIэн, ахэр ихъумэн икIи иригъэфIэкIуэн хуейщ. Апхуэдэщ, псом япэрауэ, анэдэлъхубзэр хъумэныр, лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыныр, лъэпкъ тхыдэр нэсу джыныр. А мурадхэр и гъуэгугъэлъагъуэу, Хъупсырокъуэм къыдигъэкIын щIидзат «Шэрджэс» («Черкессия») жылагъуэ-политикэ журналыр. 2002 гъэм абы и езанэ номерыр дунейм къытехьащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэситIым кърихубыдэу къыдэкIа номери 6-м профессорым и нэIэ щIэту къытехуащ адыгэ лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ятеухуа тхыгъэ купщIафIэхэр, къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр. Апхуэдэхэт, псалъэм папщIэ, Урыс-Кавказ зауэм теухуахэр, лъэпкъ IуэрыIуатэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуахэр, иджыри нэсу джа мыхъуа тхыдэ къэхъукъащIэхэм тегъэпсыхьахэр, нэгъуэщIхэри. Журналым гулъытэ зыхуищIар иджырей адыгэ литературэм игъуэт зыужьыныгъэм и закъуэтэкъым, атIэ абы щIэдзапIэ хуэхъуауэ, ипэкIэ тхыдэм и «нэхур» зытридзэну къызыхуимыхуа лъэпкъ тхакIуэхэми усакIуэхэми я гъащIэмрэ творческэ IэдакъэщIэкIхэмрэ къиугъуеижащ. Абы и лъэныкъуэкIи Хъупсырокъуэм и журналым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIащ.

ЩIэныгъэлIым и щIэныгъэ тхыгъэхэм ящыщ зым зэреджэр «Шэрджэсхэм ятеуха псалъэ» жиIэущ. Адыгэ лъэпкъым хуэгъэза псалъэ купщIафIэхэр жыIэнымрэ и къару емыблэжу абы и зыужьыныгъэм хуэлэжьэнымрэ я щапхъэ нэст адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Хъупсырокъуэ Хъызыр и гъащIэ купщIафIэр. Лъэпкъым и цIыху пэжым и фэеплъым ноби дрогушхуэ икIи дропагэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

• Махуэгъэпс

Хыхэм я дунейпсо махуэ

Тхыдэ мыжыжьэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным ехьэлIа къалэнхэр зыхуэдэм щытепсэлъыхьу, 1992 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щекIуэкIа зэхуэсышхуэу къэрал куэдым я лIыкIуэхэр зыхэтам иужькIэщ мэкъуауэгъуэм и 8-р Хыхэм я дунейпсо махуэу илъэс къэс дгъэлъэпIэн щыщIэддзар. АбыкIэ жэрдэмыр а зэхыхьэм къахэзылъхьауэ щытар Хыхэр джынымрэ къэгъэIурыщIэнымкIэ Канадэм щыIэ хэгъэгу зэхуаку институтым щылажьэхэрт.

ПЭХУЭЩIЭР даIыгъащ адрей къэралхэми. ИкIи, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2008 гъэм къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, къыкIэлъыкIуэ илъэсым къыщыщIэдзауэ, зи гугъу тщIы махуэм гулъытэ хэха хуащI щыхъуащ ди планетэм и щIыпIэ куэдым. А щIыкIэм тету Iэмал къыкъуэкIащ хыхэм яхуэсакъын, ахэр хъумэн зэрыхуейр цIыхухэр, къытрагъэзэжурэ, егъэгупсысынымкIэ.

А унафэм къэралхэр къыхуриджэрт хыхэм япсхэр мыуфIеиным, кхъуафэхэр шынагъуэншэу щызегъэкIуэным хуэгъэзауэ лэжьыпхъэхэмкIэ зэгурыIуэнығъэхэр зэращIылIэну, хуей хъумэ, зым адрейм зыщIигъэкъуэну.

ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыуэпсыр зэпIэзэрыт щытыкIэм игъэтынэнымкIэ хыхэм ягъэзащIэ мыхьэнэр ин дыдэщ. Абыхэм япсхэращ хьэуам хэзэрыхьа фIейр (гъуэзфIэIур, заводхэм хаутIыпщхьэ Iугъуэр, нэгъуэщIхэри) куэду зыщIэзышэр. ЦIыху мелардищым хуэдизым я псэукIэр зыхуэдэр, къанэ щIагъуэ щымыIэу, хым къыхахым (бдзэжьейхэм, къэкIыгъэхэм, псырыкIуэ шэрыпIхэм) елъытащ.

НэгъуэщIу жытIэмэ, ЩIы Хъурейм гъащIэ щыщыIэнымкIэ къалэн нэхъ ин дыдэ зыгъэзащIэхэм ящыщщ хыхэр. Къэралхэр, щIыналъэхэр зэлъэгъэIэсынымкIи хым игъэзащIэ къалэныр къыпхуэмылъытэнщ.

АрщхьэкIэ, цIыхухэм хы щхьэфэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм нэхъри зэрызыщрагъэубгъум, зэрызыщрагъэужьым я зэранкIэ, бдзэжьей лъэпкъыгъуэ куэдыр, псэзэпылъхьэпIэ зэрихуар ядэплъагъуу, бзэхыжыпэным нэблэгъащ, я бжыгъэм кIуэ пэтми зэрыкIэрыхум, къэнахэри щытыкIэ хьэлъэ зэриувэм къыхэкIыу. КъризэщIэткъуэжу къэдгъэлъэгъуэнщи, дунейпсо хым и процент 40-м нэблагъэм зэран хуэхъуакIэщ цIыхухэр. Ари къыкъуэкIащ гудзакъагъэ зыхэлъ дэтхэнэри зэгупсысыпхъэ гуныкъуэгъуэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыуэ.

Ди планетэм щыуфафэ хышхуэхэр зэрыхъур плIыщ. Абыхэм я зэхэлъыкIэми зыхъуэжыкIэми океанологхэри нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ. ГъэщIэгъуэныр аращи, еджагъэшхуэхэм ноби хышхуэхэм къыщахутэ-къыщагъуэт иджыри къыздэсым дызыщымыгъуазэу къекIуэкIа къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэмрэ псэущхьэхэмрэ. А псом дэщIыдгъуу шэч къызытедмыхьэжыр аращи, ЩIы Хъурейм и щхьэфэм и плIанищыр зыIыгъ псы хъумапIэ гъуэзэджэхэр, дахэкIейхэр яхуэтхъумапхъэщ дяпэкIи къэунэхуну щIэблэхэм.

Еджагъэшхуэхэм хыхэр джыным псом хуэмыдэжу къару нэхъ щрахьэлIэ щыхъуар иужьрей зэманырщ. ДызэрыщыгъуазэщI, зи гугъу тщIы псы хъумапIэшхуэхэм я щIэр здынэсыр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ къахутащ. Ди планетэм тет псы псоми я нэхъ куу дыдэу къыщIэкIар Хы Щэхум хэт хытIыгухэм ящыщу «Мариан Ищхъэрэхэр» зи фIэщыгъэм и гъунэгъу Мариан уэхырщ - зи лъащIэр километр 11-кIэ псы щхьэфэм пэжыжьэрщ.

Езы Хы Щэхум и цIэр къызытехъукIари гъэщIэгъуэнщ. ФIэщыгъэ дахэу ноби къалъытэмкIэ абы «хуэупсар» 1519 - 1522 гъэхэм ди планетэм и хъуреягъыр кхъухькIэ псом япэу зэпызыщIэфауэ щыта Магеллан Фердинандщ, зи цIэ къитIуа хы абрагъуэм зэрытета зэман кIыхьым къриубыдэу абы и псыр къэукъубеяуэ зэи зэримылъэгъуам къыхэкIыу.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Яхуэфащэщ щытхъурэ фIыщIэрэ

Зыпэрыт IэнатIэм фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэр зэрыдиIэм гушхуэныгъэ къытхелъхьэ. Псом хуэмыдэу гуапэщ апхуэдэ IэщIагъэлI хъарзынэхэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм куэду уаэрыщрихьэлIэр. Абыхэм ятеухуа фIыщIэ, щытхъу тхыгъэхэр редакцэм щIэх-щIэхыурэ къытхурагъэхь. Апхуэдэ зыщ Аруан районым хыхьэ Къэхъун къуажэм щыпсэу Къандэхъу Чэмал къыбгъэдэкIыу къытIэрыхьа тхыгъэр.

• Дэ къытхуатх

«МЫ гъэм и мазаем ЩIыналъэхэм зэдай, узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым Анзорей къуажэм щиIэ и къудамэм си узыншагъэр щызэтезгъэувэжу сыщIэлъащ. ЗэрыжаIэу, Iуэхум и пэр умыщIэмэ, и кIэри пщIэркъым. ИлъэситI ипэкIэ лыших узыфэр сиIэу къахутащ. Москва ирагъэхьа анализхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, узым иубыдар лимфэхэрат. Лыших узыфэхэм щеIэзэ диспансерым и дохутыр Дым Бэллэ и фIыгъэкIэ сагъэкIуащ Москва дэт сымаджэщхэм язым. Илъэс ныкъуэкIэ абы сыщыIати, тхьэмахуитI къэс зэ химие сащIащ, Налшык сыкъэкIуэжри, мазэкIэ бзий ирагъауэу къызэIэзащ. Абыхэм апхуэдизкIэ къаруншэ сащIати, тэмэму къысхуэкIухьыжыртэкъым, си жьэ кIуэцIри исати, сышхэжыфыртэкъым.

Абы ипкъ иткIэ, си узыншагъэр зэтезгъэувэжын щхьэкIэ, Анзорей дэт сымаджэщым сыщIэгъуэлъхьащ. А медицинэ IуэхущIапIэм и щытхъу куэд нэхъапэкIи зэхэсхат. КъыздыщIэлъа, Алътуд къуажэм щыщ нэхъыжьыфI Тхьэлыджокъуэ Хьэсэни къызжиIат: «Нэгъабэ зэ сыщыIат мыбыи, дохутырхэм сымаджэхэм хуащI гулъытэри, къэуат зыщIэлъ ерыскъы IэфIкIэ дызэрагъашхэри, къабзагъэм гулъытэшхуэ зэрыхуащIри сигу къыдыхьати, мы гъэми къытезгъэзащ».

ИпэжыпIэкIэ а зэрыжыхуаIа дыдэм хуэдэу IэнатIэм и лэжьыгъэр фIы дыдэу зэтеублащ. ДохутырхэрI мыдрей IэщIагъэлIхэри зыпэрыт Iуэхум хуэIэзэхэщ, нэжэгужэу, гуапагъэр я нэгум кърихыу, Iэпэ щабэхэу, псалъэ дахэкIэ уи гур фIы къыпхуащIу апхуэдэхэщ. Нэхъыщхьэращи, дэтхэнэ зы сымаджэми бгъэдыхьэкIэ къыхуагъуэтыф, узым зи гукъыдэжыр ириудыхахэм гугъэ иратыжыф. Сымаджэм дежкIэ ар куэд и уасэщ. Аращ дохутырым и псалъэ къудейри хущхъуэщ щIыжаIэр.

Къабзагъэми гулъытэшхуэ хуащI. Сымаджэщым и пщIантIэм щегъэжьауэ зыхуей хуэзэу зэлъыIухащ, пэшхэри кIэлындорхэри щIэхщIэхыурэ ягъэкъабзэ. ЩIэупщIакIуэ къакIуэхэм къахь шхынхэр щахъумэн щIыIалъэкIи ерыскъыхэр зэрагъэхуэбэжын хьэкулъэхэмкIи къызэгъэпэщащ. Я пщафIэхэри егугъуу я IэнатIэм зэрыпэрытыр къегъэлъагъуэ я шхынхэр IэфIу, гурыхьу, къэуат ящIэлъу зэрыщытым.

Щхьэхуэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт сэ къызэIэзахэм: паллиатив медицинэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ къудамэм и унафэщIу щыта Къэгъэзэж Атмир, дохутыр Гъыдзэ Мурат, медсестра нэхъыжь Iэрэмысэ Альбинэ, адрей лэжьакIуэхэми. АпхуэдизкIэ IэкIуэлъакIуэу ягъэзащIэ абыхэм я къалэнри, я Iуэху бгъэдыхьэкIэмкIэ къыбощIэ ахэр зэфIэкI лъагэ зиIэ, Iэзагъышхуэ зыхэлъ IэщIагъэлIхэу зэрыщытыр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыблагъэ дунейм ехыжащ Къэгъэзэж Атмир. ЦIыхугъэшхуэ хэлът, жэуаплыныгъэр зыхищIэу и IэнатIэр ирихьэкIырт, зэрыхузэфIэкIкIэ дэтхэнэми дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуным хущIэкъуу апхуэдэт. Республикэм и медицинэ жылагъуэм дежкIэ ар хэщIыныгъэшхуэщ, шэч хэмылъуи, зэIэза сымаджэхэми зыдэлэжьахэми ар гуапэу ягу къинащ.

Гупым сохъуэхъу адэкIи пщIэрэ нэмысрэ яку дэлъу зэкъуэту зэдэлэжьэну, сымаджэхэм гукъыдэж иратыжыфу, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу, зыпэрыт IэнатIэм и хъер ялъагъуу гъащIэ дахэ ирахьэкIыну!»

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Европэр нэхъ гуащIэмащIэщ

«Урысхэм къарум и бзэрщ къагурыIуэр, Европэр иджыпсту нэхъ гуащIэмащIэщ», - щыжиIащ Венгрием и премьер-министр Орбан Виктор LCI франджы телеканалым ирита интервьюм. Абы къыхигъэщащ лъэныкъуитIым я зэпсэлъэныгъэхэр къарур и лъабжьэу зэрекIуэкIыпхъэр.

ВЕНГРИЕМ и премьер-министрым шэч къытрихьэркъым дызыхуэкIуэ зэманым Европэр нэхъ къаруфIэ зэрыхъунум. «Урысейм стратегие зэгурыIуэныгъэхэр ещIылIэн хуейщ, ауэ ар къызэхъулIэнур лъабжьэ быдэ зиIэ Европэрщ».

Москва Евросоюзымрэ Киеврэ егъэкъуаншэ зэныкъуэкъуэр кIыхь зэращIымкIэ, мамырыгъэм нэхърэ зауэ зэпэщIэтыныгъэхэр нэхъ къызэрашщтэмкIэ.

Узыфэхэм заубгъу

«Роспотребнадзор»-м къызэритамкIэ, Урысейм щIыфэкъикI, фэгъазэ, псчэуз узыфэхэр зиIэхэм я бжыгъэм щыхохъуэ. Ар къызыхэкIыр цIыхухэм я нэхъыбэм а узыфэхэм зэрапэщIэт мастэр зэрызыхрамыгъэIурщ.

АПХУЭДЭУ, 2024 гъэм фэгъазэр яIэу Урысейм къыщахутащ цIыху 22455-рэ, ар ипэ илъэсым нэхърэ хуэдэ 1,72-кIэ нэхъыбэщ. Сымаджэ нэхъыбэ здэщыIар Москва, абы къегъэщIылIа щIыналъэхэрщ, Дагъыстэн Республикэрщ. IэщIагъэлIхэр егъэгузавэ сымаджэхэм я процент 67-р балигъыпIэ имыувахэрауэ зэрыщытым, зи ныбжьыр илъэс иримыкъуауэ узыр къызэуалIэхэм я бжыгъэр хуэдитIкIэ зэрыхэхъуэм. «Роспотребнадзор»-м къызэригъэлъагъуэмкIэ, сымэджахэм я процент 90-м мастэр зыхрагъэлъхьакъым.

Дохутырхэм къалъытэ фэгъазэр узыфэ нэхъ зэрыцIалэ дыдэхэм ящыщу. Зы сымаджэм цIыху 18-м нэс иуцIэлэфынущ. Нэхъ хьэлъэу игъэсымаджэр балигъхэрщ. Фэгъазэм Iэзэгъуэ пыухыкIа иIэкъым, абы къыхэкIыуи узэрыпэщIэтыну Iэмал нэхъыфIыр и мастэр зыхегъэлъхьэнырщ.

Нобэ

♦**1744 гъэм** Урысеймрэ Тыркумрэ зэращIылIащ Кючук-Кайнарджи мамыр зэгурыIуэныгъэр. Абы ипкъ иткIэ, Къэбэрдейр Урысейм и зы Iыхьэу къалъытат.

♦**1925 гъэм** къалъхуащ режиссёр цIэрыIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Ерчэн Леонид**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Инэрокъуэ Аллэ**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щыщ къэрал лэжьакIуэ, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ пщIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Бэчыжь ФатIимэ**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор **Тамэ Мухьэрбий**.

♦**1988 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакIуэ **Щомахуэ Залинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псалъэ бутIыпщам аркъэн кIэлъумыдзыж.

Нобэми зи гупсысэр щхьэпэ Къэзанокъуэ Жэбагъы

● Тхыдэ

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Жэбагъы» тхылъым щызэхуэхьэсыжащ адыгэлI цIэрыIуэ Къэзанокъуэ Жэбагъы (щыпсэуар 1685 - 1750 гъэхэрауэ хуагъэфащэ) и хъыбархэм къатещIыкIыжа Iуэтэжхэр. ПщIэшхуэ зыхуащIу щыта Къэзанокъуэм и IуэхущIафэхэр IуэрыIуатэм хэхуа нэужь жьэрыIуэтэжурэ зы хъыбар гуэрэнышхуэ хъури, хэкуми адрыщIхэми нэсащ. А лIы щыпкъэм теухуауэ IуэрыIуатэм хэлъхэм я гупсысэ нэхъыщхьэр хабзэм, цIыхугъэм, щэн дахэм хуэущииныр щ. Къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 340-рэ, дунейм зэрехыжрэ илъэс 270-рэ ирикъу а лIы Iущыр къызыхэкIамрэ зэрыпсэуамрэ дриплъэжыныр сфIэигъуэу икIи сфIэгъэщIэгъуэну аращ мы тхыгъэм иужь сыщIихьари...

КЪЭЗАНОКЪУЭ Жэбагъыуэ лIы Iущым, хэкулI цIэрыIуэм и хъыбархэр езыр щыпсэуа лъэхъэнэм къыщежьауэ, нобэм къэсыху адыгэхэми гъунэгъу лъэпкъхэми жьэрыIуэтэжу зэрахьэ. Ахэр зыбжанэрэ тхылъу къыдэкIауэ щытащ, ауэ нобэкIэ ахэр гъуэтыгъуей хъуащ. Хабзэ дахэмрэ зэхэщIыкIымрэ я щапхъэ сыт щыгъуи къэзылъыхъуэ дэтхэнэ жылагъуэ узыншэри езы хъыбархэм хуэныкъуэщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, тхылъыр зытеухуа лIы телъыджэм хуэдэ къыпхэкIыныр гухэхъуэщ, абы и хъыбархэр дымыгъэкIуэдыжу зетхьэныр лъэпкъым и гупсысэм зэрызиужьам и нэщэнэщ.

«Мы тхылъ цIыкIум щызэхуэхьэсащ адыгэ лIы Iущым теухуа хъыбар нэхъ хьэлэмэтхэр, ар къызэгуэзыххэм нэхъ гунэс зэращыхъуным дыхуэщIэкъуу къэтIуэтэжауэ. Хъыбархэм я нэхъыбэр япэкIэ къытрадзауэ щытахэмрэ архивым хэлъхэмрэ къахэтщыпыкIащ, зыкъомыр IуэрыIуатэ стхыжу адыгэ щыпсэу щIыналъэхэр къыщызэхэскIухьам щыгъуэ зэхуэсхьэсыжащ. Тхылъыр зыхуэгъэзар школакIуэ нэхъыжьхэмрэ иджырей щIалэгъуалэ зи гъащIэ убзыхугъуэмрэщ», - жеIэ езы Гъутым.

Къэзанокъуэ Жэбагъы и хъыбархэр тхыдэм палъыт къудейхэми, къуейщIейхэр зэраущийми, зэштегъэухэми ящыщкъым. Абы теухуауэ яIуатэ хъыбархэм я нэхъыбэри, шэч хэмылъу, тхыдэ пэжым къыхэкIауэ жыпIэмэ ущыуэнукъым. Ахэр щIэмыкIуэдыжам, хъума щIэхъуам и щхьэусыгъуэр лъэпкъым къыщIэхъуэ ныбжьыщIэхэм я акъыл хэхыпIэ нэхъ куу дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытар арагъэнущ. Дауи, абы и мызакъуэу, Iуэхум хэлъщ а хъыбархэр узыщIагъэдэIужу зэрыдахэри, къэхъугъэ гъэщIэгъуэн Iуэтэжым удихьэхыну зэрыгъэпсари.

Къэзанокъуэ Жэбагъыуэ лIы щыпкъэм теухуа хъыбархэм япэу гу лъызытахэм ящыщщ еджагъэшхуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ Шортэн Аскэрбий. Абы и фIыгъэкIэ Хэку зауэшхуэм и ужь илъэсхэм IуэрыIуатэ къэзыугъуеижу къэзыкIухь щIэныгъэлIхэм къалэн яхуэхъуащ, дэнэ щрихьэлIэми, Къэзанокъуэм и хъыбар бламыгъэкIыу ятхыжын хуейуэ. ИкIи 1956 гъэм япэ дыдэу зы тхылъу Налшык къыщыдигъэкIауэ щытащ Жэбагъы теухуа хъыбару илъэс зыбжанэкIэ кърахьэлIауэ архивым хэлъхэр щызэхуэхьэсар. Апхуэдэ тхылъ абы япэкIэ дунейм къытехьатэкъыми, ар тхылъаджэ щэхуакIуэхэм псынщIэ дыдэу зэбграхауэ щытащ. ИужькIэ ардыдэр Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я деж нэсщ, ар тегъэщIапIэ ящIри, тыркубзэкIэ зэрадзэкIауэ къыдэкIауэ щытащ. ИужьыжкIэ ди щIэныгъэлI, литературэхутэ хьэлэмэт Сокъур Мусэрбий Шортэным и тхыгъэр урысыбзэкIэ зэридзэкIри, адыгэ лIы Iущым и цIэр нэхъыбэжым къацIыхуащ.

Зэман дэкIауэ, 1986 гъэм, Къэзанокъуэр къызэралъхурэ илъэс 300 зэрырикъуар я тегъэщIапIэу Налшык щIэныгъэ конференцышхуэ къыщызэрагъэпэщри, абы къыщапсэлъа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ зыбжанэ зы тхылъым щызэхуэхьэсауэ къыдагъэкIат. ИужьыжкIэ, Нало Заур къыхилъхьэри, Жэбагъы и хъыбару адыгэбзэкIэ (Къэбэрдей-Балъкъэрри, Къэрэшей-Шэрджэсри, Адыгейри къызэдиубыду), балъкъэрыбзэкIэ, абазэбзэкIэ ятхыжауэ щыIэхэр зы тхылъ ящIауэ щытащ, урысыбзэкIэ зэдзэкIыжахэри дэщIыгъужу.

Жэбагъы щыпсэуа зэманым адыгэхэм тхыбзэ зэрыдимыIам къыхэкIкIэ, Къэзанокъуэм и хъыбар ятхыж щыхъуар ар езыр дунейм ехыжа нэужь илъэс 200 нэблагъэ дэкIауэщ. Гъэнэхуауэ жыпIэмэ, ХХ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэращ. А зэман зэхуакушхуэм къриубыдэу, дауи, дунейми абы тетхэми Iэджэуи захъуэжащ. Гу зылъытапхъэращи, гъащIэм зихъуэж зэпытмэ, жьэрыIуэтэжу зэIэпах хъыбарыр къызэрежьа дыдэм хуэдэу дауэ къызэтенэн: ухуей-ухуэмейми, тхыгъэм имыгъэбыда псалъэм зэхъуэкIыныгъэ имыгъуэтынкIэ Iэмал иIэкъым. Ди зэманым къыхэхъукIа щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмрэ зи тхыбзэр а зэманхэм узэщIауэ щыта урысхэм, тыркухэм ятхауэ дызыщыгъуазэ кIапэлъапэхэмрэ ятепщIыхьмэ, Жэбагъы МиладымкIэ (нэхъыбэм къызэдащтауэ нобэми дызригъуазэ илъэс къэпщытэкIэмкIэ) 1685-м е 1686 гъэм къалъхуауэ жыпIэ хъунущ.

ЩIэныгъэлIхэм зэралъытэмкIи хъыбархэм ящыщ зыбжанэм къазэрыхэщыжымкIи, ар уэркъ унагъуэм къыхэкIауэ щытащ, зи уэркъыу зэгъэщIылIауэ зыбгъэдэтари япэщIыкIэ ХьэтIохъущокъуэхэщ, иужькIэ КъейтыкIъуэхэщ, хъыбарым жиIэр пэжмэ (уэркъхэм хуитыныгъэ яIэу щытащ зы пщым бгъэдэкIыу нэгъуэщIым гухьэну). ХэубыдыкIауэ ар нэхъыбэрэ зыбгъэдэтар щыпкъэу зи цIэр тхыдэм къыхэна, зы зэман къэбэрдей пщышхуэу, пщы уэлийуэ (пщы псоми ящхьэжу) щыта Къейтыкъуэ Аслъэнбэчщ. Ар ди хэкум и тепщэу щыщыта лъэхъэнэм Жэбагъы абы акъылрэ чэнджэщкIэ къулыкъу хуищIэу, нэгъуэщIу жытIэнщи, чэнджэщэгъу пэжымрэ пщым и къуэдзэмрэ я къулыкъу игъэзащIэу бгъэдэтауэ къаIуатэ хъыбархэмрэ архивхэм къыхахыжа документ зыбжанэмрэ.

АбыкIэ шэсыпIэхэм ящыщщ урыс тхыгъэхэм Жэбагъы и цIэр къызэрыхэщыжри: лIы Iущым и цIэр абыхэм къызэрыхэнам тепщIыхьмэ, ар Къэбэрдейм икIа лIыкIуэ гупым яхэту зыбжанэрэ Урысей пащтыхьым (Петр Езанэм), абы и блыгущIэтхэм яхуэзащ. Апхуэдэу, ар къэрал IуэхукIэ Кърымми Уэсмэн империем и къалащхьэ Истамбыли и лъэр нигъэсауэ щытащ, абы икIри, Мэккэ-Мэдинэ кIуэщ, хьэж ищIри, къигъэзэжащ.

ЗэрыжытIащи, Къэзанокъуэ Жэбагъы и адэр лIэужькIэ адыгэ уэркъыу щытауэ къыщIэкIынущ. Апхуэдэу уэзыгъэлъытэри мыращ: Жэбагъы жылэ щхьэхуэ зыIэщIэлъ къуэш иIащ, езы дыдэми зы жылэ мыин IэщIэлъу щытащ. Абы къокI а лIы цIэрыIуэр лIэужькIэ уэркъыу щытауэ. КъызэрыбгурыIуэ хъунумкIэ, IуэрыIуатэм Жэбагъы бацэм хэлъу къагъуэту къызэрыгуэкI гуэрым ипIыжауэ зэрыхэтыр пэжу щытамэ, абы къуэши иIэнутэкъым, мор къызыхэкIар щамыщIэкIэ, къуэш иIэми, ар уэркъыу щытынутэкъым, и лIакъуэри зыми ищIэнутэкъым. Пэжщ, зэзэмызэ къэхъуу щытащ лIыгъэшхуэ зезыхьа гуэрхэр уэркъым палъытрэ уэркъыцIэри ирату. Ауэ абы апхуэдэ зыгуэркIэ уэркъыгъэр къыхуагъэфэщауэ дощIри, езыр уэркъ хъуа щхьэкIэ, и къуэшым апхуэдэ фIащынутэкъым. ЩIэныгъэлIхэм нэхъ пэжу къафIэщIращи, зи цIэр ди деж къэмыса и адэри уэркъыу щытати, и уэркъыгъэри хабзэкIэ и бынхэм яхуэкIуэжащ. Ар пэжым нэхъ пэблагъэу жыхуэпIэну дызыщыгъуазэращ. Абы щыгъуэми, Жэбагъы къызыхэкIамрэ къызэралъхуамрэ теухуауэ щыIэ хъыбарыжьхэм зэтемыхуэу зэмылIэужьыгъуэ зыкъомыр ущыIуощIэ, таурыхъхэмрэ мифологиемрэ зыщызыубгъуа Iуэтэжхэр абы епхыжауэ. Ахэр дэнэ къикIауэ пIэрэ, жыпIэмэ, лъэпкъ Iэджэми я IуэрыIуатэм куэду щыубгъуа Iуэтэжхэм къатепщIыкIащ, къэхъугъэ телъыджэ жыхуаIэм пэджэж гуэрхэу. А Iуэтэжыр дунейпсо мифологиемрэ IуэрыIуатэмрэ щыпажэхэм ящыщ зыщи, хъыбархэм, таурыхъхэм, пшыналъэхэм лIэужьыгъуэ Iэджэуи щызыщхьэщокI.

Псалъэм папщIэ, зы хъыбарым ар адыгэпщымрэ сонэпщым и пхъумрэ щэхуу я зэхуэзэм къыдэхъуауэ къыхощ. НэгъуэщI хъыбарым зэрыхэтымкIэ, пщымрэ унэIут фызымрэ я быну, гъэпщкIуауэ дунейм къытехьэри, мэлыхъуэ пщыIэм тесхэм кIэщIадзэжауэ жеIэ. Ещанэм къыщыкIуэри абы хуэдэ зэIумыбз гуэрщ. Апхуэдэу щIэхъуар сыт? ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, лIыхъужьыр адрейхэм щемыщхькIэ, абы и къэхъукIэри зыми емыщхьу къафIэщIу, абыкIэ цIыху цIыкIу къызэрыгуэкIхэм къахэщхьэхукIыу щытауэ аращ. Жэбагъы и къэхъукIэри апхуэдэ гуэрхэм яподжэж. Аращ ар къэзаным илъу, цым хэлъу пщыIэм къыщагъуэтауэ щIаIуатэр.

ИпэжыпIэкIэ Жэбагъы и образыр зыми къигупсысакъым, шыпсэми къыхэкIакъым, нарт лIыхъужьхэм хуэдэу, абы и къэхъукIэр мывэми, дыгъэми, жыбгъэми яхуэпхынкIэ Iэмал иIэкъым. АрщхьэкIэ, IуэрыIуатэм фIэфIыщэкъым дэ тхуэдэ цIыху къызэрыгуэкIхэм яхуэщхьэпэлъагэ лIыхъужьыр мыдрей псоми яхуэдэу дунейм къытехьэу щытыныр. Абы и къэхъукIэми, и япэ утыку къиухтэкIэми мыдрей псоми къахэзыгъэщхьэхукI зы телъыджэ гуэр хэмылъмэ, и щхьэри хэщхьэхукIа хъунукъым. Ауэ тхыдэр нэхъ наIуэ щыхъуа лъэхъэнэм хиубыдэ лIыхъужьыр телъыджэ гуэркIэ дунейм къытехьауэ жыпIэ хъужыркъым. Апхуэдэхэр фIэщ щIыгъуейщи, ехьэлIа телъыджагъэри пэжым нэхъ пэблагъэу щытын хуей мэхъу.

Ди зэманым къэсауэ, абы и лIэужь дыдэр мыращ, жытIэн хуэдэу, шэч къызытрамыхьэжын гуэр дыщыгъуазэкъым, зи гугъу тщIа хъыбархэр, урыс тхыгъэ кIапэлъапэ гуэрхэр, и сыныр, Къэзанокъуэ унагъуэцIэр зезыхьэ нобэми адыгэм зэрыдиIэм нэмыщI. Пэж дыдэу, иджыри Къэбэрдейм, Шэрджэсым, Адыгейм адыгэ унагъуэцIэу Къэзанокъуэхэ щыIэщ, ар зезыхьэхэр Кавказ Ищхъэрэм и щIыпIэ зыбжанэм щопсэу, икIи абыхэм ящыщ лIакъуэ гуэрыр езы Жэбагъы дыдэ лъыкIэ бгъэдыхьэным хуэIуа щыIэкъым.

Къэзанокъуэ Жэбагъы теухуа хъыбару адыгэ IуэрыIуатэ къэзыугъуей щIэныгъэлIхэм ятхыжар къэпщытэмэ, ахэр щэ бжыгъэ зыбжанэ ирокъу. ГъэщIэгъуэнракъэ, Жэбагъы щыпсэуа зэманыр илъэс щищ ипэу щытми, а лIы щыпкъэм и цIэр уэршэрым къыдэкIуэу, абы теухуа хъыбархэр нэхъыжьхэм къаIуэтэжу нобэми зэхэпхынкIэ мэхъу. Пэжыр жытIэнщи, зыгуэрым и цIэр IуэрыIуатэм хэхуамэ, апхуэдэм игъэхъахэри зыкIи и Iуэху зыхэмылъари абы и щхьэм щрахьэлIэ къохъу. Апхуэдэ гуэр мыбдежми щыIагъэнкIи хуэIуа щыIэкъым. АрщхьэкIэ, дауи, Жэбагъы апхуэдизу цIэрыIуэ хъунтэкъым, езы дыдэм хъыбар щIытеIукIын зыгуэрхэр думылъэгъуатэмэ, ауэ сытми къызэрыгуэкI гуэру щытатэмэ. Тхыдэми, хъыбархэми къыджаIэм тепщIыхьмэ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр и лIыгъэрэ акъылкIэ хэкум щыIури, уейуей жезыгъэIэу щыта пщыхэм ящыщ зыкъомым нэхърэ нэхъ пщIэшхуэ зиIэ лIы цIэрыIуэу хъыбарыжхэм къыхэнэжащ. ЗэраIуатэмкIи, ар езы пщыуэлийм и щIэгъэкъуэн пэжу, Iуэхум я нэхъ гугъу дыдэр и пщэ къыщыдэхуами, ар сыт щыгъуи екIуу зэфIигъэкIыу, хамэ къэрал лIыщхьэхэм я деж лIыкIуэ къалэн и пщэ дэлъу кIуэрэ щIэкIуар ди хэкум ифIкIэ игъэзэщIэфу щытащ.

«Иджырей псалъэкIэу жыпIэмэ, Жэбагъы хэкулIу, дипломатиекIи IэкIуэлъакIуэу щытауэ жыпIэ хъунущ. КъищынэмыщIауэ, а зэманым дауэкIэ утыку зэдихьэхэм я хьэкумыр (судыр) езы пщы дыдэм зэхигъэкIыу щытамэ, пщым и пIэкIэ хей ищIэу щытауэ хъыбархэм къызэраIуатэми пэж дыдэ хэлъыну къытфIощI. Абы щыгъуэми, зэрыжаIэмкIэ, Жэбагъы и хей щIэкIэр апхуэдизу сэкъатыншэти, а нэхъ зызыгъэпщхэм я IуэхущIафэм нэхърэ нэхъ гунэс цIыхухэм къащыхъуу щытауэ къыщIэкIынри таурыхъ къудейкъым – Iугъуэ къыздикIым мафIэри щылъщ, зэрыжаIэщи, зыгуэр щыжаIэм зыгуэри щыщыIэщ. Зы мащIэкIэ нэхъ мыхъуми тхыдэм щыгъуазэ дэтхэнэми зэрищIэщи, Жэбагъы и зэманыр ди хэкум дежкIэ Ику ит лIэщIыгъуэ-хэр (урысыбзэкIэ Средневековье) жыхуаIэ лъэхъэнэм куэдкIэ ещхьу щытащ. АбыкIэ жысIэну сызыхуейри мыращ... Япэрауэ, тепщэныгъэр зэрызыIэпахыр лIэужькIэрэт: акъылу, Iэзагъыу, лIыгъэу цIыхум хэлъым емылъытауэ, пщым и къуэр пщы хъужырти, унафэр и IэмыщIэ къихуэрт, уэркъым и быныр уэркъ хъужырт, пщылIым къыщIэтэджами нэхъыбитIым деж и натIэ къритхар пщылIыпIэм итыну арат. Абы нэмыщIу, цIыхуитI, хьэмэрэ гупитI, жылагъуитI я зэхуаку зэщыхъуэ гуэр къыдэхъуамэ, захуэмрэ къуаншэмрэ акъылкIэ зэхагъэкIыным и пIэкIэ, нэхъыбитIым деж япэу зэIэбыр джатэ Iэпщэрат. Пэжщ, абы къыдэкIуэу «хейжьей» жыхуаIэри щыIащ - мыщхьэмыпэ хъуа Iуэхур езы пщым, хьэмэрэ къуажэр зи IэмыщIэ илъ уэркъым, ищхьэжкIэ уIэбэмэ жылагъуэм зэдэарэзыуэ, нэмысрэ пщIэрэ зыхуащI цIыху Iущ гуэрым ирахьэлIэрэ, абы унафэ ирагъэщIу. Нэхъ иужьыIуэкIэ, муслъымэн диныр лъэ быдэкIэ ува нэужь, унагъуэм къихъуа, хьэмэрэ зэгъунэгъуитIым яку къыдэхъуа дауэр молэ-ефэндым и унафэкIэ зэфIагъэкIыуи апхуэдэ зэман щыIащ. ИкIи зэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъыбэм деж жылэми хэкуми бжьыпэр щызыубыду зыIыгъыфыну, мор хэкулIщ зыхужаIэну щытар зи Iэпщэр нэхъ лъэщымрэ зи джатэр гъущIыпэ нэхъ гуащIэуэ шыбгъэкIэ Iуэхур зезыхьэфымрэт. Абы щыгъуэми, хьэлэмэтракъэ, Къэзанокъуэр зекIуэлIышхуэуи дзэзешэ Iэзэрэ цIэрыIуэуи щытауэ тхыдэм къызэрыхэщыр зэзэмызэххэщ (апхуэдэ зы хъыбари мы тхылъым хэдгъэхьащ), нэхъыбэу абы ехьэлIа хъыбархэм лъабжьэу ягъуэтар и Iущагъым ехьэлIащ, мыхъумэ зауэм щызэрихьа хахуагъэракъым. Тхыдэми тригъалэуэ къиIуатэркъым, ар джатэ къихакIэ зауэ гуэрым лIыгъэ щызэрихьауи пелуаныгъэ гуэр хэлъауи. Тхыгъэ кIапэлъапэу дызыщыгъуазэхэм Жэбагъы и цIэр къызэрыхэщыр акъылырылажьэущ, хабзэзехьэущ, хэкум гузэвэгъуэ къыщытехъуэм деж лIыкIуэ Iумахуэущ», - етх Гъутым.

ИтIанэми Жэбагъы и хъыбар къэзыIуэтэж псори зэакъылэгъущ, ар ямылейуэ хэкулI нэсу, цIыху пэжу, зэманым кIуэцIрыплърэ лъэпкъым и пщэдейр зыхуэдэнухэр къилъагъуу зэрыщытамкIэ. Апхуэдэу щIэхъуам и щхьэусыгъуэщ лIы Iущым и зэманым псэуа адыгэ куэдым япэ абы къызэрыгурыIуар мы къэкIуэнухэр. Япэрауэ, джатэр IэкIуэлъакIуэу гъэбзэн, шыбгъэрыуэн, шыщхьэмыгъазэу щытын, щхьэзакъуэ лIыгъэ хуэдэхэмкIэ хэкум и Iуэху зепхьэныр сыт щыгъуэми щIыхь зыпылъ Iуэхугъуэщ. Ауэ абы и закъуэкIэ псори щыхъуну лъэхъэнэр, къэгъазэ имыIэу, икIащ. Ди япэ ища лъэпкъхэм уадекIуэкIын щхьэкIэ нэгъуэщI Iуэху зехьэкIэхэм ухуэIэкIуэлъакIуэу ущымыту хъунукъым.

Языныкъуэхэм деж нэхъыбэххэ пхузэфIэкIынущ щIэныгъэ щыпкъэрэ акъыл жанкIэ. Къохъу, Iэщэм и нэхъ гуащIэр зыпэмылъэщыр псалъэ купщIафIэмрэ щIэныгъэ куумрэ къызэрагъэдзэкIыу, икIи ар дэ ди япэ къызыгурыIуэу япэ ища лъэпкъ куэд щыIэщ кърэралыгъуэ быдэ хъужахэу. Мис ар и лъэпкъэгъу зыкъомым япэ Къэзанокъуэм зыхищIат. Абы хьэкъыу къыгурыIуат адыгэ лъэпкъыр пасэрей псэукIэжьым текIыу пIалъэ кIэщIкIэ и гупэр щIэныгъэмрэ щэнхабзэ дахэмрэ яхуимыгъазэмэ, жылагъуэ кIуэдыр къыхуэкIуэнкIэ зэрышынагъуэр. Апхуэдэ къэхъуну ухуэмеймэ, япэ ища лъэпкъхэмрэ къэрал быдэхэмрэ я гъуэгум техьэни, абыхэм уалъэщIыхьэжыни, уакъыкIэрымыхуу уадэбэкъуэни хуейщ. Ари Къэзанокъуэм адыгэ дунейм къыхипщэу зыщIэбэнахэм ящыщ зыщ. Мис апхуэдэхэр зыхэзыщIэу лъэпкъыр къызэщIэзыгъэуIуэхэращ хэкулIкIэ зэджэр, ахэращ хэкум и набдзэ, лъэпкъым и гъуазэ жыхуаIэр.

Нобэрей адыгэхэм хамэ гуэр къытхэплъэрэ, зэрылъэпкъыу зы фIы гуэр хабзэм, нэмысым, щэным, акъылыфIагъэм теухуауэ къыддилъагъуу щытмэ, ар нэхъыбэу зи фIыщIэр Къэзанокъуэ Жэбагъы хуэдэ лIыфI, лIы губзыгъэхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къытхэкIыурэ абыхэм цIыху цIыкIур зэраузэщIыфаращ. Ауэ зэман дызыхэтым дызэрыхэмызагъэ мыкIуэмытагъэ къыддалъагъумэ, хьэмэрэ зы икIагъэ гуэркIэ дыкъыщIэщмэ, – абы щыгъуэм е лъэпкъыр Жэбагъы хуэдэлIхэм икъусыкъужкIэ дыхуэныкъуэрэ дымыгъуэтыж хъуауэ жыIэ, е абыхэм яубзыхуа гъуэгу пэжым дытекIауэ тхыдэм и къургъакъыр зэтетхьэу, а къургъакъым дызыщиудурэ ди сэфэтым димытыжу, куэд дэмыкIыу дызэщхьэщихыпэным нэсауэ къэплъытэ хъунущ.

КIэщIу, апхуэдэлI къызыхэкI лъэпкъыр ехъулIауэ жыIэ, абы хуэдэ зимыIэхэр зиIэм йохъуапсэ, языныкъуэхэм дежи йофыгъуэ. Къэзанокъуэм теухуауэ цIыхубэм лIэщIыгъуэрыбжэу IукIэ зэрихьэ хъыбар псори ди дежкIэ зэхуэдэу лъапIэщ, ди щэнхабзэм и дахапIэм щыщ зы пкъыгъуэщи, абыхэм адыгэ лъэпкъым и хъуапсапIэ дахэхэр къыщыгъэнэхуащи.

ЛIы щыпкъэр къэбэрдейуэ щытар наIуэми, абы и хъыбархэр иджырей Адыгейми, Шэрджэсми щызекIуэу щатхыжащ, ди гъунэгъу лъэпкъхэу абазэхэм, балъкъэр-къэрэшейхэм я IуэрыIуатэми хыхьащ. Уеблэмэ балъкъэрхэм Жэбагъы езыхэм я лъэпкъэгъуу ябжыж, апхуэдизкIэ я псэм дыхьащи. Дагъыстан щIыналъэр зи хапIэ къумыкъухэм я IуэрыIуатэми абы и цIэр нэсащ - уэрэди хуаусауэ яIэщ. А псори щыхьэт тохъуэ адыгэ лIы Iущ Къэзанокъуэ Жэбагъы и акъылыфIагъыр, гупсысэхэр дэтхэнэ лъэпкъым дежкIи лъапIэрэ игъуэу зэрыщытам, нобэми абыхэм я мыхьэнэр зэрымыкIуэдыжам.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

Дуней телъыджэм сыщыхьэщIащ...

Кавказ щIыналъэм къихьауэ ар зыщыгъупща, адыгэщIым зэ зыщиплъыхьауэ абы лъагъуныгъэ хуэзымыщIа цIыху, тобэ ирехъуи, щыIэу къыщIэкIынкъым. Ижь лъандэрэ ди хэгъэгум къихьауэ абы тетхыхьыжахэм псалъэ дахэ щымысхьу щIыпIэхэм я къабзагъыр, цIыхухэм я дахагъыр, абыхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр, зэрахьэ хабзэхэр телъыджэ ящыхъуурэ къаIуэтэжырт, жэнэт щыIэмэ, ар Кавказым хуэдэу, абы къыщылъыхъуэн хуейуэ щаIуэжырт.

ИПЭЖЫПIЭКIЭ, Кавказыр малъхъэдисым хуэдэщ, узыIэпешэ, узыIэщIелъхьэ, уиутIыпщыжыркъым. Хамэ щIыпIэ къикIахэм гукъинэж ящыхъур мыбы щыпсэу цIыхухэм я дуней еплъыкIэр щIыуэпсым зэрыпэджэжым и закъуэкъым, атIэ ар къызыпкърыкI гупсысэкIэм лъабжьэ быдэ зэриIэм, абы къигъэщI щэнхабзэр тIорысэ дыдэу зэрыщытым мыхьэнэшхуэ яIэщ. Ауэ сытми жаIакъым: Кавказыр дунейм и гущапIэхэм ящыщщ. Мис апхуэдэ гупсысэхэращ къагъэщIар иджыблагъэ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я фIыгъэкIэ дунейм къытехьа тхылъыщIэм.

Сыт хуэдэ Iуэхуми ублапIэрэ щIэдзапIэрэ яIэщ. Ди щIыналъэм жыджэру щолажьэ «Урысейм и гугъапIэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэр. Абы и лэжьыгъэм лъэныкъуэ зыбжанэкIэ зеубгъу, ауэ къызэщIэпкъуэжмэ, ахэр зыхуэгъэпсар Къэбэрдей-Балъкъэрым и пщIэр къэIэтынырщ, абы щыпсэу цIыхухэм я щэнхабзэр нэгъуэщI лъэпкъхэм ялъэгъэIэсынырщ, къэралым и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм исхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэбыдэнырщ. Жылагъуэ зэгухьэныгъэм зыхуигъэувыжа къалэнхэр мыбзаджэу зэригъэзащIэр жыIэн хуейщ. Абы и щыхьэт наIуэщ илъэситху лъандэрэ зи ужь ит «Сыту дахащэ-тIэ ди щIыналъэр» пэхуэщIэр. Ар хуэгъэзащ ди щIыпIэм къихьэхэм ялъэгъуар, я нэгу щIэкIар, щIэщыгъуэ къащыхъуар тхылъымпIэ напэм трагъэзагъэу, е тхыгъэ шэщIауэ, е тхылъ щхьэхуэу дунейм къытегъэхьэныр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм пщIэшхуэ иIэу къытщохъу. ИгъащIэ лъандэрэ ди щIыналъэр цIыхухэм къазэрыщыхъуу щыта псори гукъэкIыж зэгъэзэхуакIэ тхылъу къыдагъэкIырт, а щIыкIэм тету ди цIэри ди щхьэри щIыпIэ жыжьэ куэдым щызэлъащIысырт. А хабзэ дахэм къызэрыпищэм удимыхьэхынкIэ Iэмал иIэкъым.

ПэхуэщIэр зэрыщыIэ илъэситхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIащ Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм фIыуэ къыщацIыху тхакIуэхэр, усакIуэхэр, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. «Урысейм и гугъапIэхэр» бзылъхугъэ зэгухьэныгъэхэм абыхэм папщIэ программэ щхьэхуэхэр яхуэзэхелъхьэри, Кавказыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и плIанэпэ пхыдзахэр ярегъэлъагъу, ди лъэпкъхэм я хабзэхэм щегъэгъуазэ. Апхуэдэу ди щIыпIэхэм щыхьэщIащ Иркутск щыщ, уахэ пэхуэщIэхэр къызыхуэтыншэу гъэзэщIэнымкIэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэхэублакIуэ Ронжинэ Маргаритэ, Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм и утыкум къыщыпсэлъа, жылагъуэ лэжьакIуэ Тув Аннэ, Чувашием и цIыхубэ усакIуэ Тургай Валерэ, Къэзан къалэм дэт къэрал университетым и къудамэм и унафэщI Мерзон Еленэ, Мэзкуу щIыналъэ думэм и депутат Никитас Татьянэ, Чувашие лъэпкъ конгрессым и унафэщI Клементьев Валерэ, нэгъуэщI куэди.

Куэд щIакъым ди щIыпIэхэм зэрыщыIэрэ Елабугэ къалэм щыщ тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Белов-Щусь Виктор. Унагъуэр щIыгъуу зыплъыхьакIуэ къэкIуа тхакIуэм Кавказым и щыпэкъакIуэт. Езым зэрыжиIэмкIэ, илъагъур къызэриIуэтэжын псалъэ хуримыкъуу сурэттех зэригъэпэщащ, телъыджэ къыщыхъухэр абыкIэ трихыурэ зэхуихьэсын папщIэ. Iугъуэ цIыкIур Iугъуэшхуэ хъуащ, жаIэ адыгэхэм. Абы ещхьу, къалэмым хуэмыхамэ, псалъэр хъарзынэу зэзыгъэкIуф тхакIуэр зэхуихьэсахэм хэплъэжа нэужь, Кавказым щилъэгъуа псори къэзыIуэтэж сурэт зэужь игъэхьэзырыным триубыдащ. А гукъэкI дахэм хуэдэт «Урысейм и гугъапIэхэр» зэгухьэныгъэм и унафэщI Черновэ Аленэ къилъыхъуэри, хьэщIэм и гукъыдэжыр диIыгъащ.

Белов-Щусь Виктор езыр тхыдэджщ, щыпсэу къалэм и блэкIар къехутэж, абы и щIыдэлъху лъэпкъхэм я лIакъуэ жыгхэр зэфIегъэувэж. Хэт нэхъри абы нэхъыфIу къыгуроIуэ щIыпIэм епха цIыхум абы хуиIэ гуращэхэм я гуащIагъыр, хэку лъагъуныгъэ жыхуаIэр зищIысыр. Аращ абы Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щыIэныгъэми занщIэу къыхигъэбелджылыкIар.

«НэхъапэкIэ сымылъэгъуауэ, ауэ и хъыбар куэд дыдэ зэхэсхауэ сыщыгъуазэт Кавказыр зэрыдуней жэнэтым. Ауэ а дуней жэнэтыр ди нэгу къыщIэдгъэхьэ теплъэгъуэхэм куэдкIэ зэрефIэкIыр къызэрысIуэтэн псалъэ схуэмыгъуэту хьэлэмэтыщэ къысщыхъуащ. Бгы лъагэхэр, мэз Iуфхэр, псыежэх уэрхэр – цIыхуIэ лъэIэсакъым жыпIэну дахащэщ, къабзащэщ, зихуэдэ щымыIэщ. Телъыджэ къысщыхъуащ мы щIыпIэхэр зи псэупIэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, Кавказым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэр. Сэ нэхъыбэу сфIэгъэщIэгъуэнт къуажэдэсхэр. Лъэпкъ щIэныгъэм къызэрихутащи, къуажэращ лъэпкъым ижь лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэхэр нэхъ къыщызэтенэр. Ди лъэныкъуэхэм елъытауэ, Кавказым ит къуажэхэр хъума хъуащ, ар къэгъэнауэ, йофIакIуэ. ЗэрыслъэгъуамкIэ, къуажэм дэсым и псэукIэр къалэм щыпсэухэм ейм къызэрыщхьэщыкI щIагъуэ щыIэжкъым, ауэ мыбдеж лъэпкъыр езым и дунейм и кIуэцIым ису мэпсэу, и хабзэрэ и бзэрэ зэрихьэу къогъуэгурыкIуэ. Сэ къэслъэгъуауэ къысщохъу Кавказыр цIыхум щIимыбгынэ щхьэусыгъуэр: мыбдеж щIым малъхъэдис къару щиIэщ, щIэмычу зыкъигъэщIыжу, ар зылэжьым зыкъыхуигъэщIэрэщIэжу. Шэч къытесхьэркъым жысIэнур мы щIыпIэм щыпсэухэм зыдамыщIэжынкIэ зэрыхъунум, ауэ хьэкъщ: Кавказым укъыщалъхуауэ, абы и жьыр зэ къыпIурыхьауэ нэгъуэщIыпIэ ущыпсэуфынукъым икIи ущыIэфынукъым, нэгъуэщI ухъунущ. ЦIыху къэс езым и гузэхэщIэ иIэжщ, сэ зыхэсщIэм си гур цIыкIу ищIу сетхьэкъуж – сыту фIыт мыпхуэдэ дуней мы ЩIы хъурейм зэрыщыIэр жызоIэ. Аращ си нэгу щIэкIыр мыкIуэдыжмэ, слъагъур къанэмэ сфIэфIу сурэт мин бжыгъэкIэ щIытесхар, ахэр си гукъэкIыжхэмрэ си гум ихъыкIхэмрэ хэухуэнауэ тхылъу къыдэзгъэкIыным щIытезухуар», – жеIэ Белов-Щусь Виктор.

Беловхэ ныбжьышхуэ зиIэ урыс лъэпкъщ, илъэсищэ зыбжанэкIэ зэIэбэкIыжрэ и лIакъуэ тхыдэр XV лIэщIыгъуэм нэс нэзыгъэсыф унагъуэщ. Щусьхэр Беловхэ я зы къудамэу аращ. Елабугэ къалэм и тхыдэм щIыпIэшхуэ щызыубыд лъэпкъым музей иIэщ, я къекIуэкIыкIам теухуауэ хьэпшыпхэр, сурэтхэр, дэфтэрхэр щахъумэу. Абыхэм яхэтщ Белов лъэпкъым и лIакъуэ жыгыр. Мыр къыщIыхэдгъэщам щхьэусыгъуэ иIэщ. ТхакIуэм мызэмытIэу зэхихат Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм и зы Iыхьэу адэжьхэм я цIэр къебжэкIыныр зэрыщытыр. Къуажэ зыщыплIым дыхьа хьэщIэр къэувыIэурэ сабий зыбжанэм а IуэхугъуэмкIэ захуигъэзащ. Зыдумысыжынщи, дэр дыдэми гуапэ къытщыхъужащ Белов-Щусь къыджиIар: зы сабий ирихьэлIакъым зи адэцIибл къыхуезымыбжэкIа. Ар укъызэщIэзыIэтэ IуэхугъуэщI, дэ загъуэрэ гу лъыдмытэжми, нэгъуэщI щIыпIэ щыIэхэм дыкъызэращIа щапхъэшхуэщ. Ар фIэкIыпIэ имыIэу тхъумэн хуейщ.

«Кавказ Ищхъэрэм сызэрыщыIар...» - аращ зэреджэр дунейм къытехьа тхылъым. Ар къызэрымыкIуэу къыдэкIыгъэ гъэщIэгъуэнщ, сурэт зэужькIэ уеджэнуи хуэфащэщ. Абы ущрихьэлIэнущ пщэдджыжьым къыкъуэкI дыгъэм Iэдакъэжьауэ ищIу худэплъей нанэм, уэлбанэ нэужьым щIым къыпхыпща хьэмбылухэр къэзыубыд къуажэ щIалэ цIыкIум, пшапэ зэхэуэгъуэм ирихьэлIэу зи бзийхэм дыщэпсу кърaIа Iуащхьэ щыгум, нэгъуэщI куэдми ятриха сурэтхэм. Сурэт техыным Iуэхур нэсмэ, жытIэ хабзэщ: нэгур къищу, нэгъуэщIыпIэкIэ емыплъэкIыу, жьым имыгъэхъейуэ... И пIэм ижыхьа теплъэгъуэм нэхърэ Белов-Щусь нэхъ къещтэ псэ зыхэт сурэтхэр. Ар дыдэращ абыхэм яхэплъагъуэри – мы фIыгъуэр зыIэщIэвмыгъэкI, дунейр зэщIэзыщта технологием зыдевгъэхьэхыу къызэрыгуэкI щыIэкIэм и кIэр фымыутIыпщ, феплъ мы гукъинэжхэм, къыджиIэ хуэдэщ.

Уи щхьэр фIыуэ зылъэгъуам уи фащэри фIыуэ елъагъу, жаIащ нэхъыжь губзыгъэхэм. Фащэр гунэс пщыхьурэ ар зыщыгъым гур бгъэдэмыхьэу къэхъун хуейкъым. Ди деж къакIуэу махуэ бжыгъэкIэ зыщызыплъыхьа Белов-Щусь Виктор ди щIыпIэхэм ятеухуауэ тхылъхэм къариджыкIам зэрырихьэлIэжар егъэлеяуэ гуапэщ, ауэ нэхъ узэщIеIэтэ цIыхухэри апхуэдэу къызэрилъэгъуам. Апхуэдэу дакъызэрыщыхъуари махуэщI фащэу къэплъытэ хъунущ.

Дунейм къытехьа тхылъыр мащIэ дыдэщ зэрыхъур, ар цIыхухэм яIэрыхьэну Iэмал щыIэу къыщIэкIынукъым. Ауэ сурэт зэужьым ихуа теплъэгъуэ гукъинэжхэм ущеплъыфынущ щыхьэрым дэт Лъэпкъ библиотекэшхуэм, Елабугэ къалэм дэт Боловхэ я музейм.

ШУРДЫМ Динэ.



ЩIэщыгъуэу, гукъинэжу, нэгузыужьу

● Тхьэлъэlу

Къурмэн хьид махуэшхуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей жылэм. Къуажэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, къыхалъхьэ Iуэхур зэкъуэту зэрырагъэкIуэкIым и щыхьэтт а тхьэлъэIур.

ЖЬЫУЭ хуэзщIэтэджат жылэдэсхэр махуэшхуэм. Къалэн пыухыкIа зиIэхэм, жэщ псом мыжеями ярейуэ, зэхыхьэр щызэхэтыну щIыпIэр, цIыхухэр къызэхуэсыным иджыри зэман хъарзынэ иIэу, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу хуагъэхьэзырат Iуэхур зэрекIуэкIынум. Пщэдджыжь дыгъэм зыхуашийрт ихъуреягъкIэ щыфIащIа шар зэмыфэгъухэм, пщафIэхэм я лэгъупыр зэфIадзагъэххэт, нэхъыжьхэм я тIысыпIэр къапэплъэрт, Iэнэ кIыхьыр, цIыхубзхэмрэ цIыхухъухэмрэ ейр зэпыгъэщхьэхукIауэ, ерыскъы пщтырхэм нэхъ щымыщIэу, узэдат, щIалэгъуалэр зыхэтыну зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIыну щIыпIэхэри зэпэщат, сабий джэгупIэхэр, таурыхъ «лIыхъужьхэр» цIыкIухэм «къапэплъэрт».

Махуэшхуэр къызэIуахащ хъуэхъукIэ. Япэ псалъэ зрата, нэхъыжьыфI ХьэщIэлI Харитон жылэр щIызэхыхьа тхьэлъэIум мыхьэнэшхуэ зэриIэр жиIэри, абы хуэфэщэн гулъытэ хуэзыщIыф къуажэдэсхэм фIыгъуэ къахудэкIуэну ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ диным и хабзэхэм пэжу тетым и гъуэгур зэIухауэ зэрыщытынур.

- Илъэсыр махуэ 365-рэ мэхъури, Тхьэшхуэм нэхъ игъэлъапIэхэм ящыщщ Къурмэн хьид махуэшхуэр, - адэкIэ къыпищащ ХьэщIэлI Алий. - КъэзыгъэщIамкIэ фIэщхъуныгъэ зыхэлъ, динкIэ къыхуигъэува фарзхэр зыгъэзащIэм и унагъуэ жьэгум насыпрэ фIыгъуэрэ дэлъынущ. Ди лъэпкъым и цIэр фIыкIэ игъэIуащ лIэщIыгъуэкIэрэ абы къыдекIуэкI и хабзэ дахэм. КъапщтэмэI, абы къытхуигъэувхэм диным пэщIэувэу зыри хэткъым. Ди хабзэр зытещIыхьыжар цIыхугъэращи, динми ар и лъабжьэщ. Хабзэри динри нэгъэсауэ тхузехьэу, нобэ кIуэдыжынкIэ дыщIэшынэ адыгэбзэр дэтхэнэ ди зы унагъуэми и жьэгум щызекIуэу, зэгурыIуэныгъэ, шыIэныгъэ, тхьэшынагъэ, фIэщхъуныгъэ зиIэ лъэпкъ бжьыфIэу Тхьэм дигъэпсэу!

Къуажэ администрацэм и унафэщI ДзыхьмыщI Анзор фIыщIэ яхуищIащ Iуэхум къыпэджэжа псоми: зи мылъку хэзылъхьахэм, зи къару, зи зэфIэкI, зи гуащIэ абы езыхьэлIахэм.

- Къурмэн хьид махуэ лъапIэм и фIыгъуэр фи щхьэкIэ, фи унагъуэкIэ Тхьэм къыфлъигъэс, - захуигъэзащ абы къуажэдэсхэм. - Дыузыншэу, кIэрыху димыIэу, гуфIэгъуэм дыщымыщIэу гъэр етхьэкIыну сыфхуохъуахъуэ. НэхъыжьыфI зиIэм нэхъыщIэфIи иIэщ, жаIэ. Щапхъэ тхуэхъу ди нэхъыжьхэр жьыщхьэ махуэу, щIэблэм я ехъулIэныгъэхэм дригушхуэрэ ди щхьэр лъагэу дагъэлъагъужу жылэ дахэу Тхьэм дыдигъэпсэу!

- Нобэ хуэдэ гуфIэгъуэм ди лъэпкъыр хьэгъуэлIыгъуэкIэ еджэу щытащ. ХьэгъуэлIыгъуэр нысашэ закъуэм теухуатэкъым, жылэм къыдэхъуэ сыт хуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхури апхуэдэут къызэралъытэр, - жиIащ тхьэлъэIур езыгъэкIуэкIа Къардэн Ахьмэд. - Апхуэдэхэм деж, лIыхъужьхэм я хабзэу, яублэу щытащ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэр, псалъэм папщIэ, шурылъэс зэпеуэхэр, ныпхьыж, нэгъуэщIхэри. Абыхэм щагъэунэхурт я къару, я зэфIэкI, я лIыгъэ, я акъыл. ХьэгъуэлIыгъуэ махуэм а зэхьэзэхуэхэм хэт дэтхэнэ зыри лIыгъуэ ихуэрт, абы пэIэщIэ зызыщIу, укIытэу къыдэмыкIыр хьэгъуэ ихуауэт къызэралъытэр. Нобэрей хьэгъуэлIыгъуэм, хьид махуэшхуэм лIыгъуэ ихуэн, хьэгъуэм пэIэщIэ зызыщIын дэтхэнэри Тхьэм фищI!

ЛIыгъуэ зэригъэхуащ а махуэм щIалэгъуалэр. Абыхэм я зэфIэкI щагъэунэхуащ кхъуейплъыжькIэрыщIэм, кIапсэкIэ зэпекъуным, ентIыр дзыным, гырэ къэIэтыным, гъущI Iунэ хэукIэным, къызэджэным, щIым IэпщэкIэ зыкъытеIэтыкIыным, шабзэкIэ уэным.

КхъуейплъыжькIэрыщIэм хэтыну Iэмал зиIэр диным теухуа упщIэхэм пэжу жэуап езытхэрт. Абдеж я лIыгъэ щагъэлъэгъуащ Къанло Залым, ДзыхьмыщI Алим, ЩхьэщэмыщI Марат, Абрэдж Заурбэч, Бетрожь Тамерлан, Таз Замир, Бэвыкъуэхэ Русланрэ Казбекрэ, Iэщнокъуэ Умар сымэ. Абыхэм саугъэту къахьащ мэл, лъакъуэрыгъажэ, телевизор, пылесос, телефон, Iэпщэ сыхьэт, адыгэ къамэрэ пыIэрэ, дин хьэпшыпхэр, Iэдэ-уадэ Iэмэпсымэ, нэгъуэщIхэри.

КIапсэ зэпекъум балигъхэм я деж бжьыпэр щаубыдащ ЩхьэщэмыщI Рэмэзан и гупым. Илъэс 16 - 17-хэм я деж - Бэрау Мирхъан зи пашэхэр нэхъ лъэщу къыщIэкIащ. НэхъыщIэ дыдэхэри лIыгъэншэтэкъым: илъэс 12 - 13 ныбжьым ит щIалэ цIыкIухэм я деж КъуийцIыкIу Амырхъан и гупыр щынэхъ къарууфIэт. IэпщэкIэ щIым зыкъытеIэтыкIыным япэ увыпIэр щиубыдащ Бэвыкъуэ Аскэр, гырэ къэIэтыным щытекIуащ ХьэщIэлI Щамил, гъущI Iунэ хэукIыным Хьэвжокъуэ Азэмэт бжьыпэр щиубыдащ. Мыбыхэм мэлрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ.

КхъуейплъыжькIэрыщIэр здекIуэкIым, махуэшхуэм хэтхэм видеозэпыщIэныгъэкIэ закъыхуигъэзащ къуажэм щыщ, дзэ Iуэху хэхам щыIэ ДзыхьмыщI Мартин.

- ТхьэлъэIу махуэ хъуну, етIанэгъэ пIалъэ узыншэу фынэсыну, гуфIэгъуэ Iуэху куэд иджыри жылэм щызэхэфшэну сынывохъуэхъу, - жиIащ абы. - Срогушхуэ си къуажэм мыпхуэдэ махуэшхуэ зэрыщекIуэкIым. ФIыщIэ яхуэфащэщ абы и къызэгъэпэщакIуэхэм, къуажэ унафэщIми жылэдэсхэми я акъыл зэтехуэу къызэрызэдекIуэкIым и щапхъэщи, Тхьэм дригъэфIакIуэ. МыдэкIэ иджыпсту къэралым, абы и цIыхухэм я щхьэхуитыныгъэм дрихъумакIуэу аращи, а къалэнри дыкъимыкIуэту догъэзащIэ. Дзэ Iуэху хэхам щыIэ адыгэхэм ди пщIэр тIыгъыжу, ди хабзэм дытету, дыкъызыхэкIа лъэпкъым дызэрыхуэфэщэным дыхуэщIэкъуу апхуэдэщ. ФIыкIэ Тхьэм дызэхуигъэзэж!

ЩIэщыгъуэу, гукъинэжу, нэгузыужьу екIуэкIащ тхьэлъэIу махуэшхуэр. Нэхъыжьхэми я пщIэр яIэтри, нэхъыщIэхэри ягъэгушхуащ. А Iуэху дахэр зи жэрдэмхэм, абы и къызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIи щытхъуи яхуэфащэщ, цIыхухэм зэрахуэупса гукъыдэжыр псапэу Тхьэм къаритыж. Къуажэр зыкъуэзыгъэувэр щызекIуэ хабзэращи, а махуэм нэрылъагъут жылэм и жьантIэм абы и увыпIэ зэрыщиIыгъыжыр, и цIыхухэм хуэфэщэн пщIэ хуащIу зэрызэрахьэр.

Пщыхьэщхьэм Хьэтуейм и уафэр узгум драгъэлъэтея хьэрэкIытIэхэм плъыфэ зэмыфэгъухэмкIэ къызэщIагъэнэхуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

ФIы щIэи, псым хэдзэ

● ПсапащIэ

Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м «Добрая среда» фIэщыгъэр зэрихьэу иригъэкIуэкI псапащIэ проектыр зэрырагъажьэрэ мы гъэм илъэсиплI ирикъуащ. Ар иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием.

КъызэгъэпэщакIуэхэм, сабийхэмрэ адэ-анэхэмрэ я гуфIэгъуэр даIыгъыну зэхуэсым кърихьэлIащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие, КъБР-м и Парламентым и депутат, УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амир, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентым щыIэ ДыщэкI Мадинэ, «Добрая среда»-м и фондым кIэлъыплъ советымрэ ЗАГС-м и Налшык къудамэмрэ я унафэщI Шэру Валентинэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

«Добрая серда» псапащIэ телепроектыр хуэунэтIащ «Дауным и синдромыр» зыпкърыт, аутизмэр зиIэ сабийхэм защIэгъэкъуэным, я ныбжьэгъу цIыкIухэм къакIэрымыхуу гъащIэм ахэр къыхэшэным, я къэухьхэм, зэфIэкIхэм зегъэужьыным, дэрэжэгъуэрэ гуфIэгъуэрэ етыным, гъэгушхуэным.

Проектым и къызэгъэпэщакIуэхэм пэхуэщIэр къазэрехъулIэм и щыхьэтщ 2022 гъэм «Голос Евразии» лъэпкъыбзэхэмкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэм «Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ятеухуа нэтын нэхъыфI» и Iыхьэм и саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщар, КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министерствэм и саугъэтым и лауреат 2023 гъэм зэрыхъуар, зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм я адэ-анэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и «Адэ-анэм я фIыщIэ» и саугъэтыр мы гъэм зратахэм зэрахэхуар, нэгъуэщIхэри.

ЖыпIэнурамэ, лъагъуныгъэкIэ, гуапагъэкIэ гъэнщIа проектым и фIыгъэкIэ сабийхэм Iэмал яIэщ республикэм и сурэтыщIхэм, уэрэджыIакIуэхэм, макъамэтххэм, спортсмен, артист цIэрыIуэхэм яIущIэну, ядэлэжьэну. Абыхэм къадэкIуэу, ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъагъуну, я нэгу зрагъэужьыну.

ГурыIуэгъуэщ апхуэдэ дэтхэнэ зы зэIущIэми сабийхэм я гукъыдэжыр къызэраIэтыр, я зэфIэкIым зэрыхагъахъуэр. Ар фIыгъуэшхуэщ дэтхэнэ зы сабийми, зы унагъуэми я дежкIэ. Родинэ Викторие, ДыщэкI Мадинэ, Шэру Валентинэ, Уэсмэн Ислъам сымэ я къэпсэлъэныгъэхэми абы къыщытеувыIащ икIи къыхагъэщащ сабийхэм яхуэунэтIа проектым мыхьэнэ ин зэриIэр, илъэс къэси зиужь зэпыту зэрекIуэкIыр, зэрефIакIуэр я гуапэ зэрыхъур.

«Добрая среда» псапащIэ телепроектым и унафэщI, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и директор Къэзанш Людмилэ къыщыпсалъэм псом япэу фIыщIэ яхуищIащ Шэру Валентини, я нэIэ щIэт сабийхэм закъыщIэзыгъакъуэ псапащIэ псоми. ЦIыкIухэр къыщалъхуа махуэхэр, махуэ лъапIэхэр гулъытэншэу къагъанэркъым. Апхуэдэхэм деж ахэр я тыгъэхэмкIэ ягъэгуфIэ, республикэм и щIыпIэ дахэхэр ирагъэлъагъу, я нэгу зрагъэужь.

«Фэ фхуэзэфIэкIащ гурэпсэкIэ зэрыщIэ сабий гуп дыгъэ зэхуэфшэсын, абыхэм я гукъыдэжыр къэфIэтын. А цIыкIухэм фэ фазэрыхуэныкъуэр ящIэ икIи я унэ кIуэж хуэдэ гуфIэжу фи деж къокIуалIэ. ЗэрыжаIэу, езыхэм я увыпIэ гъащIэм къыщагъуэтыжащ икIи адрей сабийхэм зыкIи къакIэрымыхуу заужь, я зэфIэкIым, щIэныгъэм хагъахъуэ», – жиIащ КъБР-м и Парламентым и депутат, «Пять колец» спорт академием и унафэщI Ахъмэт Амир.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр ягъэдэхащ, цIыкIухэми, адэ-анэхэми, хьэщIэхэми я гукъыдэжыр къаIэтащ КъБР-м и цIыхубэ артист Лосэн Тимуррэ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист ЦокIыл Азэмэтрэ зи пашэ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэм, артистхэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысейм и чемпионщ КIэмпIарэ Марат

● ХъыбарыфI

Омск къалэм къикIыу хъыбар гуапэ мы махуэхэм къытIэрыхьащ. Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и чемпионату абы щыIэ «G-Drive Арена» спорт комплексым щекIуэкIам япэ увыпIэр къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ бэнакIуэ КIэмпIарэ Марат.

КИЛОГРАММИ 130-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ адыгэ щIалэм дыщэ медалым щхьэкIэ къыпэщIэтащ Башкортостаным и бэнакIуэ лъэщ, нэгъабэ къэралым и чемпион хъуа Лабазанов Нохьчэ, ауэ Марат абы хухэгъэщIакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIи тэрч щIалэм УФ-м и чемпион цIэ лъапIэр зыIэригъэхьащ.

Къыхэдгъэщынщи, ди республикэм щыщ нэгъуэщI спортсменхэри а зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIащ. Япэрауэ, килограмм 63-рэ зи хьэлъагъхэр зыхэт гупым щыбанэ Локьяев Жамболэт етIуанэ увыпIэр къихьащ. Кабалоев Виталий (кг 55-рэ), БищIо Астемыр (кг 67-рэ), Щад Уэсмэн сымэ (кг 130-рэ) домбеякъ медалхэр къыхахащ зэпеуэм.

Чемпионатым хэтащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 47-м я бэнакIуэ 250-рэ. Зэхьэзэхуэхэр зэрекIуэкIым кIэлъыплъыну, спортсмен ныбжьыщIэхэмрэ спортым дихьэххэмрэ яIущIэну, я чэнджэщхэмрэ алыдж-урым бэнэкIэм и щэхухэмкIэ ядэгуэшэну абы зыкърагъэхьэлIат Олимп джэгухэм я чемпионхэу Самургашев Вартерес, Мишин Алексей, Хъущт Аслъэнбэч, дуней псом тхуэнейрэ и чемпион хъуа Когуашвили Гоги, дуней псомрэ Европэмрэ я чемпион Цвир Сергей сымэ.

Иужь дыдэу къэралым и бэнакIуэ лъэщхэр Омск къалэм щызэхуэсауэ щытар СССР къэралыгъуэр щыщыIа зэманырщ - 1987 гъэрщ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.



Гугъущ къыбгурыIуэну

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ростов-2» (Дон Iус Ростов) - 0:2 (0:1). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Мэкъуауэгъуэм и 7-м. ЦIыхуи 140-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Гусаков (Кисловодск), Сахаров (Москва), Гришенев (Москва область).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Жабоев, Лысенкэ, Хьэшыр, КIэдыкIуей, Шэрджэс (Мызэущ, 85), Гъуэгузокъуэ, Къумыщ (Лу, 65), Сэбаншы, Блий, Мэшыкъуэ.

«**Ростов-2**»: Рязанов, Куприянов, Зубенкэ (Амосов, 74), Азнауров, Максетсов, Асенхуков (Алимов, 57), Веселков (Радченкэ, 84), Моисеев (Рассадин, 84), Шевченкэ, Тонецкий, Каштан (Хромов, 57).

Топхэр дагъэкIащ: Азнауровым, 15-пенальтикIэ (0:1). Алимовым, 78 (0:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Мэшыкъуэмрэ Хромовымрэ.

ИКЪУКIЭ гугъущ къыбгурыIуэну мыгъэрей «Спартак-Налшыкым» къыщыщIхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр къэралпсо утыкум щызыхъумэну зи пщэ къыдэхуэ гупым и Iуэхур екIакIуэ зэпытщ. Абы и щыхьэту урикъунщ топджэгур зи IэщIагъэхэм я дежкIэ нэхъ лъахъшэ дыдэу щыт Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым иужь дыдэ увыпIэхэм ящыщ зым зыкъом щIауэ зэрыщыщытыр. Абы щIэх къикIынуи фэ теткъым. Япэрауэ, къыщхьэщытым очкоиблкIэ къыкIэрохху. ЕтIуанэрауэ, я джэгукIэмрэ къагъэлъагъуэ бжыгъэхэмрэ нэхъ Iеиж хъуурэ йокIуэкI.

«Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэкIэ дызэримыгъэгуфIэрэ мазитIым нэблэгъащ. Иужьу ар къыщыхьуар мэлыжьыхьым и 13-м екIуэкIа етхуанэ джэгугъуэращ. Абы ищIыIужкIэ, дакъикъэ 461-рэ хъуауэ я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэр яхухэгъащIэркъым. Ари джэгугъуитхум щIегъу. Тренер нэхъыщхьэр яхъуэжами, топджэгум дихьэххэм яIущIами зыри къикIакъым - «Спартак-Налшыкыр» кIуэ пэтми нэхъри кIуэцIрохху. Гъуащхьауэхэри хъуркъым - нэхъыкIэр иужь къит «Ангушт»-мрэ «Динамо-2»-рэщ. Гъуащхьэхъумэхэр нэхъ Iеижщ - зэи зыми мы гъэм темыкIуэфа мэхъэчкъалэдэсхэращ дызэфIэкIыр.

Апхуэдиз мыхъумыщIагъэ щызэтрихьа ди командэр щэбэт кIуам зэрыпэмылъэщынур гурыIуэгъуэт зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщу къытхуеблэгъа «Ростов-2» командэм. Джэгум и Iыхьэ ныкъуэ къэс топ зырыз къытхудагъэкIри абыхэм текIуэныгъэр яхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэххэм я губампIэр нэхъ иныж ящIу. Сэбэп хъуакъым «Спартак-Налшыкым» и фащэр щIалэщIэ зыбжанэм япэу зэрыщагъэтIэгъари.

Щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым вэсэмахуэ щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: «**Победа**» (Хасавюрт) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0**:**1**, «**Кубань Холдинг**» (Павловскэ) - «**Нарт**» (Черкесск) - **1**:**0**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **1**:**2**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **1**:**1**, «**Сочи-2**» (Сочэ) - «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - **0**:**1**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **3**:**1**.

Арати, дэрэжэгъуэ лъэпкъ къыдимытауэ зэхьэзэхуэм и япэ къекIуэкIыгъуэр иухащ. Мэкъуауэгъуэм и 14-м етIуанэм щIедзэ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Мэхъэчкъалэ щыIущIэнущ иджыри къэс зыми пэмылъэща «Динамо-2»-м. Къытхуэтыжыр абы мы гъэм и япэ текIуэныгъэр ди щIалэхэм къащыфIихьынырщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Ростов-2»**	**13**	**8**	**3**	**2**	**21-10**	**27**
2.	**«Динамо Ставрополь»**	**13**	**8**	**3**	**2**	**21-14**	**27**
3.	**«Кубань Холдинг»**	**13**	**7**	**5**	**1**	**26-12**	**26**
4.	**«Победа»**	**13**	**7**	**1**	**5**	**17-15**	**22**
5.	**«Рубин»**	**13**	**6**	**3**	**4**	**15-13**	**21**
6.	**«Севастополь»**	**13**	**5**	**5**	**3**	**20-20**	**20**
7.	«Сочи-2»	13	5	4	4	18-12	19
8.	«Легион»	13	5	4	4	14-14	19
9.	«Астрахань»	13	4	5	4	19-14	17
10.	«Дружба»	13	4	4	5	20-16	16
11.	«Нарт»	13	4	4	5	11-12	16
12.	**«Спартак-Налшык»**	**13**	**2**	**3**	**8**	**10-21**	**9**
13.	«Ангушт»	13	1	4	8	7-19	7
14	«Динамо-2»	13	0	2	11	6-33	2

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.



Пушкин и гъащIэмрэ гуащIэмрэ

Урыс литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа усакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ зи лъабжьэ «Ай да Пушкин!» анимацэ фильмыр иджыблагъэ къыдагъэкIащ. Пушкиныр къызэралъхурэ илъэс 226-рэ щрикъум ирихьэлIэу, мэкъуауэгъуэм и 6-м Урысейм и щIыналъэхэм зэхыхьэхэр, конференцхэр, семинархэр, концертхэр щрагъэкIуэкIащ, театр теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуащ. КIэщIу жыпIэмэ, къэралым и дэнэ щIыпIи ягу къыщагъэкIыжащ усакIуэшхуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

ФИЛЬМЫМ и режиссёрыр икIи сценаристыр Гаврюшкинэ Екатеринэщ. Пушкиным и усэхэм фильмым къыщоджэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Безруков Сергей. Композитор Круглик Вячеслав и макъамэ гуакIуэхэр фильмым щIагъэуващ.

Фильмыр зыгъэхьэзырахэм, усакIуэм и зэфIэкI телъыджэхэм къыдэкIуэу, и хьэл-щэнхэри къагъэлъэгъуэжащ. Илъэс 25-рэ ныбжьым ит Пушкин Александр и анэр щыпсэу Михайловскэм залымыгъэкIэ ягъакIуэ, зыдэс къалэр IэщIыб ирагъэщIри. ЯпэщIыкIэ ар зоныкъуэкъуж, къуажэ пхыдзам зэрагъэIэпхъуамкIэ мыарэзыуэ. Зэман докIри, усакIуэр щIыуэпс къулейм, псэущхьэхэм ятхьэкъу. А щIыпIэ телъыджэр урыс таурыхъхэм къыхэщ лIыхъужьхэм «я тIысыпIэт». Пушкиным и тхыгъэ нэхъыфIхэр щитхари абы щыгъуэщ.

Мы анимацэ фильмым унагъуэр зэгъусэу еплъ хъунущ. Абы къыхощ усакIуэм и дэгызэ Аринэ Радионовна, лицейм къыщыдеджа и ныбжьэгъухэу Пущин, Дельвиг, Тригорскэ хэщIапIэр зей Осиповэ-Вульф Прасковье и мылъхупхъу Осиповэ Аннэрэ и шыпхъум ипхъу Керн Аннэрэ, министр Нессельроде, агент Бошняк, нэгъуэщIхэри.

Фильмым и продюсер Гаврюшкин Игорь зэрыжиIэмкIэ, лэжьыгъэр гушыIэкIэ гъэнщIащ, абы еплъхэм усакIуэм и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа куэд къащIэнущ, и тхыгъэхэм нэхъыфIу зыщагъэгъуэзэнущ, нэхъ гуапэ, насыпыфIэ хъунущ.

Лэжьыгъэр зыгъэхьэзырахэм фIыщIэ хуащI Интернетым зегъэужьынымкIэ институтым, Иви онлайн-кинотеатрым, Пушкиным и цIэр зезыхьэ «Михайловское» къэрал музей заповедникым, «Общество друзей Пушкиногорья» псапащIэ фондым, фильмыр щытрахым къэхутэныгъэ IуэхухэмкIэ къаззэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаными, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.443
Заказыр №1232

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **ДыщэкI Соня** *(1, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*. *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.